

STUDI KASUS PEMEROLEHAN BASA JAWI LARE

UMUR 4 TAUN ING WONOGIRI

SKRIPSI

Katuraken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Kangge Njangkepi Saperangan Sarat Sarana

Kangge Nggayuh Gelar Sarjana Pendidikan



Dening :

Dicky Yuliawan Nurdiansyah

NIM. 13205241058

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH

FAKULTAS BAHASA DAN SENI

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

2018

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Studi Kasus Pemerolehan Basa Jawi Lare Umur 4 Taun ing Wonogiri*”

Minangka Satunggaling *Kajian Psikolinguistik* mliginipun *Studi Kasus* saged dipunajengaken ing pendadaran awit sampun palilah saking *pembimbing*.



Yogyakarta, 22 Mei 2018

Dosen Pembimbing,






Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP. 19571231 1938303 2 004

PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Studi Kasus Pemerolehan Basa Jawi ing Lare Umur 4 Taun ing Wonogiri*” menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajengipun *Dewan Penguji* rikala tanggal 25 Mei 2018 saha dipuntetepaken lulus.

DEWAN PENGUJI

Asma	Jabatan	Tapak Asma	Tanggal
Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.	<i>Ketua Penguji</i>		10/7/18
Avi Meilawati, S.Pd., M.A.	<i>Sekretaris Penguji</i>		3/7
Dr. Mulyana, M.Hum.	<i>Penguji Utama</i>		9/7

Yogyakarta, 10 Juli 2018

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum.

NIP. 19571231 1938303 2 004

WEDHARAN

Ingang tanda tangan ing ngandhap menika, kula :

Nama : Dicky Yulian Nurdiansyah

NIM : 13205241058

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Fakultas Bahasa dan Seni

ngandharaken bilih skripsi panyerat menika asil damel piyambak. Ing pinangertosan kula, *skripsi* kasebut boten sami kaliyan seratan dening tiyang sanes, kajawi babagan tartamtu ingkang kula pendhet minangka kangge dhasar arahan panyeratan kanthi wigatosing tata cara saha pakem panyeratan *skripsi*.

Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Meriawi sejatosipun kabukten wedharan menika boten leres, amrih sedaya tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 01 Mei 2018

Panyerat,



Dicky Yulian Nurdiansyah

SESANTI

Sapa wae kang durung ngrasakne paite ngangsu kawruh jalaran mung sedhela,
dheweke nguntal *hina*-ning goblok saumur uripe.

(Imam Syafi'i)

Yakin ra yakin, sing penting dilakoni sik.

(Penyerat)

Coba dhisik wae, gagal urusane keru, sing penting wani nyoba lan nyoba.

Bismillah wae.

(Panyerat)

PISUNGSUNG

Kanthi raos syukur konjuk ngarsaning Allah SWT, skripsi menika minangka jangkeping ngudi kawruh tumrap migunani ing lambah urip, panyerat pisungsungaken kangge tiyang sepuh ingkang kinabekten, Alm. Bapak Didik Darmadji Budi Santoso saha Ibu Siti Nurhidayati ingkang tansah paring panjurung kanthi lair saha batin.

PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng ngarsanipun Allah SWT ingkang tansah paring paring *rahmat* saha *hidayah* dhumateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken skripsi menika kanthi lancar dumugi paripurna anggenipun nyerat. Panyeratan menika saged kawujud boten sanes awit saking *bimbingan* piwulang, paring panyaruwe, panjunjung, pamrayogi, saha *bimbingan* kanthi sabar dhumateng Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka *Dosen Pembimbing*. Boten kesupen inggih skripsi menika saged kawujud kanthi paripurna amargi wonten para pihak ingkang sampun kersa nyengkuyung. Awit saking saking menika panyerat ngaturaken agunging panuwun dhumateng,

1. Bapak Prof. Dr. Sutrisna Wibawa, M.Pd., minangka Rektor Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring wekdal dhateng kangge ngangsu kawruh ing Pendidikan Bahasa Daerah.
2. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum., minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring kalodhangan anggen panyerat nyerat tugas akhir.
3. Bapak Prof. Dr. Suwardi Endraswara, M.Hum., minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring idin palilah kangge nglampahi panaliten.
4. Ibu Sri Hertanti Wulan, M.Hum., minangka *Dosen Penasihat Akademik* ingkang sampun paring piwulang saha wejangan rikala panyerat ngangsu kawruh ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Para Bapak saha para Ibu *Dosen* Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring mapinten ngelmu, piwulang, saha wejangan nalika panyerat ngangsu kawruh ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Para *Staff Admin* Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggih sampun mbiyantu babagan *administrasi* tumrap panyerat.
7. Dewan Penguji sedayanipun ingkang sampun paring pitedah saha wekdal kangge nguji skripsi supados anggenipun panyerat ujian saged katampi.

8. Alm. Bapak Didik Darmadji Budi Santoso saha Ibu Siti Nurhidayati inggih menika tiyang sepuhipun panyerat ingkang sampun paring sedaya sinengkuyungan kanthi lair saha batin.
9. Para kangmas panyerat, Denny Nurdiansyah saha Dimas Bagus Nurdiansyah ingkang sampun sinembadan kanthi lair saha batin.
10. Para kanca PBD kelas B angkatan 2013 sarta kanca-kanca Jurusan PBD beda angkatan ingkang sampun paring panjurung, pambiyantu saha pandonga saengga skripsi menika lumampah kanthi lancar.
11. Kanca-kanca ingkang beda jurusan ing setunggal Fakultas Bahasa saha Seni ingkang sampun paring panjurung, pambiyantu saha pandonga saengga skripsi menika lumampah kanthi lancar.
12. Kanca-kanca Rohis FBS Jambualas Al-Huda 2013 ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun.
13. Kanca-kanca KKN, PPL, HIMA PBD saha organisasi sanesipun ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun.
14. Kanca-kanca Kos Patria, Mas Saiful, Mas Agung, Mas Roni, Mas Ali, Mas Yustin, Taufik, Naufal panyerat ingkang sampun paring panjurung saha kritik sarta saran kangge panyerat anggen damel skripsi.
15. Kanca-kanca ingkang asring *kopdar*, Ahmad, Arifin, Endang, saha Vickry.
16. Kanca-kanca ingkang asring *mabar* sareng, Ebhram saha Hanung ingkang sampun paring pandonga saha panjurungipun.
17. Tiyang Dhusun Duwet Kidul ingkang sampun paring panjurung saha pandonganipun.
18. *Komunitas Back To Bike* Baturetno ingkang sampun paring panjurung saha pandonga kangge panyerat nuntasaken skripsi.
19. Boten kesupen dhateng Syah Bintang Ramadhan ingkang sampun kersa dados *subjek* panaliten skripsi menika.
20. Sarta sedaya *pihak* ingkang boten saged panyerat sebat, ingkang sampun paring sedaya basuki kanthi *materiil* saha *imateriil* supados skripsi panyerat saged kawujud.

Skripsi menika tesih tebih saking tembung ganep, menapa malih sampurna. Pramila panyerat menika taksih nedhahaken panyaruwe saha pamrayogi supados tumuju langkung ganep saha sampurnaning skripsi menika kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Ing pungkasan atur sapala, panyerat kanthi jembaring manah saha andhap asor, mugiya saged murakabi tumrap tiyang ngakathah.

Yogyakarta, 01 Mei 2018

Panyerat,



Dicky Yuliawan Nurdiansyah

WOSING ISI

Kaca

IRAH-IRAHAN.....	i
PASARUJUKAN.....	ii
PANGESAHAN.....	iii
WEDHARAN	iv
SESANTI.....	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	x
PRATELAN <i>GAMBAR</i>.....	xv
PRATELAN <i>TABEL</i>.....	xvi
PRATELAN <i>LAMPIRAN</i>.....	xvii
PRATELAN CEKAKAN	xviii
SARINING PANALITEN	xix
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Prakawis.....	2
C. Watesaning Prakawis	3
D. Wosing Panaliten	3
E. Ancasing Panaliten	4
F. Paedahing Panaliten	4

G. Pangertosan.....	5
BAB II GEGARANING TEORI	6
A. Psikolinguistik	6
1. Sejarah Psikolinguistik.....	7
a. Tahap Formatif.....	7
b. Tahap Linguistik.....	7
c. Tahap Kognitif.....	8
d. Tahap Teori Psikolinguistik.....	8
B. Definisi Psikolinguistik.....	9
C. Pemerolehan Basa.....	10
D. Fonologi.....	13
1. Fonetik.....	13
a. Fonetik Organik.....	14
b. Fonetik Akustik.....	14
c. Fonetik Auditoris.....	15
2. Fonem, Vokal, saha Konsonan.....	15
a. Fonem.....	15
b. Vokal.....	16
c. Konsonan.....	16
3. Fonotatik.....	16
E. Morfologi	17
F. Sintaksis.....	20
1. Frasa.....	20
a. Frasa Endosentris saha Frasa Eksosentris.....	21
1) Frasa Endosentris.....	21
2) Frasa Eksosentris.....	21
2. Klausa.....	21
3. Ukara.....	22
4. Modus.....	22
G. Lare Umur 4 Taun.....	23

1. Tingkatan saha <i>Karakteristik Pemerolehan Basa Pisanan</i>	24
a. Tingkat <i>Babel</i> (0,0 - 1,0).....	24
b. Tingkat <i>Holofrasa</i> (1,0 - 2,0).....	25
c. Tingkat <i>Ujaran Kalih Tembung</i> (2,0 – 2,6).....	26
d. Tingkat <i>Wiwitan Tata Basa</i> (2,6 – 3,0).....	26
e. Tingkat <i>Dununging Tata Basa Diwasa</i> (3,0 – 4,0).....	27
f. Tingkat <i>Wasis Basa Jangkep</i> (4,0 – 5,0)	27
H. Panaliten ingkang Jumbuh.....	28
I. Nalaring Pikir	29
BAB III CARA PANALITEN.....	30
A. Jinising Panaliten	30
B. <i>Desain</i> Panaliten	30
C. Latar Panaliten.....	30
D. Data saha Sumber Data	31
E. Piranti Panaliten.....	32
F. Cara Ngempalaken Data	32
G. Cara Nganalisis Data	34
H. Cara Ngesahaken Data	36
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN.....	37
A. Asiling Panaliten.....	37
B. Pirembagan	40
1. Tembung-tembung ingkang Sampun Dipunkuwaosi	41
1.1. Sesulih I	41
1.2. Sesulih II.....	41
1.3. Sesulih III	42
1.4. Sesulih Dununging Barang	42
1.5. Aran	42
1.6. Kriya	43
1.7. Kriya Mawa Lesan	43

1.8. Kriya Tanpa Lesan.....	43
1.9. Kriya Tandang.....	43
1.10. Kriya Tanduk.....	44
1.11. Kriya Tanggap	44
1.12. Katrangan	44
1.13. Katrangan Kaanan.....	44
1.14. Katrangan Wekdal	44
1.15. Katrangan Barang.....	45
1.16. Katrangan Tumindak	45
1.17. Panyambung	45
1.18. Panggandheng.....	45
1.19. Panguwuh.....	46
1.20. Wilangan	46
2. <i>Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis</i>	46
2.1. <i>Fonologi</i>	46
2.1.1. <i>Fonotatik</i>	46
2.1.2. <i>Transkripsi Fonetis saha Alofon</i>	48
2.1.3. <i>Asimilasi Progresif saha Konsonan Rangkap</i>	48
2.1.4. <i>Vokal Rangkap</i>	49
2.1.5. <i>Vokal Rangkap saha Camboran</i>	50
2.2. <i>Morfologi</i>	51
2.2.1. <i>Wujud Tembung</i>	51
2.2.1.1. <i>Lingga</i>	54
2.2.1.2. <i>Lingga Andhahan</i>	54
2.2.1.3. <i>Andhahan</i>	54
2.2.1.4. <i>Tandang</i>	55
2.2.1.5. <i>Tanduk</i>	55
2.2.1.6. <i>Tanggap</i>	55
2.2.1.7. <i>Guna</i>	56
2.2.1.8. <i>Camboran</i>	56
2.2.1.9. <i>Dwilingga</i>	56

2.2.1.10. Wisesa-na	56
2.2.1.11. Wancah	57
2.2.2. Jinis Tembung.....	57
2.3. <i>Sintaksis</i>	60
2.3.1. Ukara Gothang, <i>Simpel</i> , Pepak, saha Majemuk	61
2.3.1.1. Ukara Gothang.....	62
2.3.1.2. Ukara <i>Simpel</i>	63
2.3.1.3. Ukara Pepak	63
2.3.1.4. Ukara Majemuk	64
2.3.2. Jlentrehan Ukara-ukara saking <i>Tabel 9</i>	65
BAB V PANUTUP	77
A. Dudutan	77
B. Implikasi	79
C. Pamrayogi	79
KAPUSTAKAN	81
LAMPIRAN	83

PRATELAN *GAMBAR*

Kaca

Gambar I : Kerangka Gayutaning saking Tiga Jinis Fonetik..... 15

PRATELAN *TABEL*

	Kaca
<i>Tabel 1 : Kartu Data I</i>	33
<i>Tabel 2 : Kartu Data II</i>	34
<i>Tabel 3 : Kartu Data III</i>	34
<i>Tabel 4 : Tuladha Kartu Data I</i>	35
<i>Tabel 5 : Tuladha Kartu Data II</i>	35
<i>Tabel 6 : Tuladha Kartu Data III</i>	35
<i>Tabel 7 : Analisis Jinis Tembung saha Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis</i>	36
<i>Tabel 8 : Analisis Kaidah Fonotatik Tembung, Jinis Tembung, saha Cacahipun Tembung</i>	82
<i>Tabel 9 : Analisis Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis</i>	86

PRATELAN *LAMPIRAN*

	Kaca
<i>Lampiran 1 : SAMPLE SUMBER DATA.....</i>	101

PRATELAN CEKAKAN

B	: Bintang
T	: Titi (Eyangipun Bintang)
P	: Panyerat
K	: Konsonan
V	: Vokal

**STUDI KASUS PEMEROLEHAN BASA JAWI LARE
UMUR 4 TAUN ING WONOGIRI**

Dening : Dicky Yuliawan Nurdiansyah

NIM. 13205241058

Sarining Panaliten

Ancasing panaliten menika kangge ngandharaken *pemerolehan* basa Jawi lare umur 4 taun babagan tembung, *struktur* ing *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis*.

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *studi kasus*. *Sumber data* panaliten inggih menika *rekaman* swara lare umur 4 taun, ingkang asmanipun Syah Bintang Ramadhan, kanthi data awujud swara ingkang kalebet jinis *psikolinguistik*. Data panaliten dipunkempalaken kanthi *teknik rekam* saha *transkripsi* nyerat. Data dipun-*analisis* kanthi *analisis studi kasus deskriptif* tembung. *Validitas* data dipunpanggihaken kanthi *data check* saha *analisis kasus*. Wondene kangge manggihaken *reliabilitas* menika kanthi ngginakaken uji *data kualitatif*.

Pemerolehan basa Jawi ing lare 4 taun ingkang dipunpanggihaken menika inggih awujud tembung-tembung ingkang sampun dipunkuwaosi kanthi *fonetik* saha *struktur vokal* sarta *konsonan* ing tembung. Strukturipun *fonologi* ing tembung lare menika dipunandharaken kanthi ningalaken *kaidah fonotatik* saha *fonetis*, kalebet swara *vokal* saha *konsonan*. *Struktur morfologi* ngandharaken babagan jinis tembung saha wujud tembung ing dados pathokan mawi lare menika saged nguwaosi babagan tetembungan dumugi pundi. Sarta Struktur *sintaksis* menawi lare menika menapa sampun saged wicantenan ingkang saged tumuju tingkat dununging basa diwasa (3,0 – 4,0) utawi menapa sampun ing tingkat wasis basa jengkep (4,0 – 5,0). Pramila ing *sintaksis* menika wonten ukara ingkang saged buktekaken bilih ukara menika awujud gothang, *simpel*, pepak, saha majemuk ingkang saged mawi dados *indikator interaktif*.

Pamijining tembung : *Studi kasus, pemerolehan basa, fonologi, morfologi, sintaksis*, saha lare umur 4 taun.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka pirantinipun manungsa kangge mangertosi wigati saha nalaring pikir kersanipun manungsa sanes lumantar wicanten utawi *isyarat*. Nalika bayi menika manungsa sampun pikantuk basa nalika lair, pramila manungsa nangis sampun nedahaken basa pisanan. Bayi 6-12 wulan menika sampun mleceh tembung pisanan, nanging taksih medal tembung wanda wuni *am, ba, saha ma*. Lajeng 13-24 wulan sampun ngecapaken tembung ingkang boten sakecap, kadosta *mama, mimik, saha baba*. Dumugi lare 25-36 wulan menika sampun ngucap tembung langkung saking setunggal tambung menawi saged setunggal ukara. Nanging taksih wonten tembung ingkang boten sampurna. Lare umur 37-48 menika sampun sawetara langkung jelas saha lancar anggen ngucap tembung.

Inggih menika gayut kaliyan lare umur sekawan taun mlampah inggih sampun nguwaosi tembung-tembung ing basa Jawi ingkang radi lanyah. Adhedhasar menika madosi panguwaosan lare menika sampun dumugi pundi anggen wasis basa Jawi menika tinimbang basa Indonesia ing wicantenan padintenan.

Awit menika penyerat ugi *tertarik* anggen naliten bab menika ingkang kalebet *kesempatan* panaliten langka. Inggih lare umur tigang taunan menika sampun ngucap tembung-tembung basa Jawi, limrahipun wonten tembung-tembung ingkang *pelo* utawi kirang pas. Tuladhanipun, lare menika saget

ngucap ‘alu’ ingkang saking dhasar ‘melu/ *ikut*’ saha ‘uwun’ saking dhasar ‘nyuwun/ *minta*’ saha ‘mlotok’ saking ‘mlotrok/ *melorot*’. Sarta boten sengaja lare menika saged nguwaosi 2 dugi 3 tembung ing setunggal wanda utawi kalimat.

Pemerolehan basa ing basa Jawi awujud upakara ing *tumbuh kembang* basa manungsa. Ing mriki seserepan menika ugi saking *interkasi lingkungan sosial* saha *perkembangan* wasis *kognitif* lare. Jumbuh kaliyan seserepan basa menika mawi ngangge *pendekatan* asil panaliten langkung jangkep. Gayut *pendekatan* seserepan tembung ing basa Jawi menika *fonologi, morfologi, saha sintaksis*.

Pemerolehan basa ing basa Jawi menika anggen objek naliten menika lare umur 4 taun 4 wulan. Lare menika namipun Syah Bintang Ramadhan (B) ingkang mapan wonten Dhusun Duwet Kidul Rt.02/ XV, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri. Lare menika ugi sampun cekap angge naliten saha ngempal data ing *pengusaan* tembung. Amargi lare menika saged nguwaosi basa Jawi langkung lancar saha unik tinimbang lare sanesipun ingkang kathahipun basa Indonesia.

B. Underaning Perkawis

Lare B menika putra saking pasangan kulawarga Denny Nurdiansyah kaliyan Dewi Lugiyanti. *Pemerolehan* basa lare piyambakipun menika saget dados bahan data panaliten kalebet ingkang *unik*. *Unik* amargi wonten sangkudpautipun wonten donya pawiyatan basa. Ugi basa lare sampun

mumpuni dipunkaji ing panaliten. Dipunkaji babagan *pemerolehan* basa saha ing umur sekawan taun sampun saget nguwaos tembung ing basa Jawi mawi lancar menapa wonten tesih kirang pas.

Perkawis panaliten menika ngandhar babagan *pemerolehan* basa ingkang dipun-*kategori* wonten *subab-subab* kawruh basa supados panaliti saged manggihi tembung-tembung ingkang dipunucap awujud subab basa *fonologi, morfologi, saha sintaksis* saking lare menika.

C. Watesaning Perkawis

Wonten perkawis menika dipunsebataken dados kaperangan perkawis kangge menapa kemawon ingkang dipungayuhaken saking tembung-tembung basa Jawi saking lare B umur 4 taun menika.

1. Badhe mangertosi jinis tembung menapa kemawon ingkang sampun dikuwaosi lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri.
2. Badhe mangertosi struktur *fonologi, morfologi, saha sintaksis* lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar saking perkawis saking *pemerolehan* basa saking lare B umur 4 taun menika.

1. Kados pundi jinis tembung ingkang sampun dikuwaosi lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan, Kabupaten Wonogiri menika?
2. Kados pundi struktur *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis*-ipun lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri menika?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar ancasing panaliten menika kangge ngandharaken *perkembangan* kawruh tembung ing basa Jawi wujudipun *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis* saking lare 4 taun ingkang naminipun Syah Bintang Ramadhan.

1. Ngandharaken jinis tembung saking lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri.
2. Badhe ngandharaken struktur *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis* lare umur 4 taun ing Dhusun Duwet Kidul, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri.

F. Paedahing Panaliten

Paedahing panaliten inggih menika saged kangge tambahan kawruh saha pasinaon antawisipun.

1. Nindakaken panaliten salajengipun ingkang babagan *studi kasus* kangge sedaya pihak.

2. Mangetosi panguwaosaning bab kawruh tembung basa Jawi lare B ingkang umur 4 taun.

G. Pangertosan

1. *Studi Kasus* inggih menika nyinaoni babagan kawruh *metodologi* panaliten wonten tiyang (*individu*) kanthi gamblang saha wekdal ingkang tartamtu.
2. *Pemerolehan* basa ing basa menika *pemerolehan* basa ingkang dipunsinaoni saha dipunkuwaosi dening lare-lare dhumateng basa ibunipun.
3. Basa Jawi inggih menika basa mliginipun wonten dhaerah Jawa khususon wonten ing pulau Jawa. Basa ingkang gadhah tata krama saha adi luhung ingkang inggil mawi tingkatan-tingkatan saking aturan ing solah bawa ing tata wicara.
4. Lare umur 4 taun

BAB II GEGARANING TEORI

A. *Psikolinguistik*

Adhedhasar kanthi *harafiah*, *psikolinguistik* menika tembung *psikolinguistik* saking gabungan saking kalih tembung, *linguistik* saha *psikologi*. Kawruh *linguistik* piyambak menika ngandharaken babagan struktur basa, wujud basa, saha jinis basa, kosok wangsulipun kawruh *psikologi* memnika ngandharaken babagan tata krama saha tingkah laku basa. Ing cabang saben kawruh piyambak menika gadhah cara saha ancasipun sanes-sanes.

Wontenipun *psikolinguistik* anggen kawuh menika gadhah dhasar ingkang sami utawi *interdisipliner* inggih akhir dhasar panaliten sami, nanging wonten cara saha ancas beda. Wonten warta mekaten dipungayutaken kaliyan satunggalipun kawruh inggih mawi sakniki kathah ngginakaken kawruh *psikolinguistik* menika.

Psikolinguistik menika salah satunggaling kawruh minangka babagan basa mlebet ing kawruh *psikologi*. Saha *studi pengembangan psikolinguistik* menika cabang kawruhipun taksih kirang langkung dereng dangu sejarahipun. Kawruh *psikolinguistik* kangge mangertosi bab basa ingkang wonten ing waliking perkawis *psikologi* gayut ing tiyangipun (Tarigan, 1985 : 1-2).

1. Sejarah Psikolinguistik

Miturut Kess ing Dardjowidjojo (2014: 3 - 7), ing perkembangan kawruh bab basa saha kawruh jiwa (*psikologi*) menika kadhapuk dados sekawan *tahap*: (a) *tahap formatif*, (b) *tahap linguistik*, (c) *tahap kognitif*, saha (d) *tahap teori psikolinguistik, realita psikologis saha kawruh kognitif*.

a. Tahap Formatif

Psikolinguistik menika salah satunggaling bab ilmiah, ingkang awit taun 1954 ing panerbitan karya kanthi irah-irahanipun “*Psycholinguistics, A Survey of Theory and Research Problems*” anggitanipun Charles E. Osgood saha Thomas A. Sebeok ing Bloomington. Karya menika wiwitan perkawis kangge kawruh ing donya *psikolinguistik*. Ing mriki para tokoh mangunkarsa ing *teori relativitas* basa menawi *universal* basa.

b. Tahap Linguistik

Perkembangan ngelmu *linguistik* menika wiwit saking *aliran behaviorisme* saha saengga wangsul ing *mentalisme (nativisme)* ing taun 1957 wonten buku terbitan Chomsky, ‘*Syntactic Structures*’ saha panyaruwe saking Chomsky dhumateng *teori behavioristik* Skinner (Chomsky 1959) sampun gadhah daya pangaribawa dhateng tiyang ingkang sangsaya remen dhumateng *psikolinguistik*. Kados mekaten sangsaya kondhang ing ngelmu *universal* basa saengga langkung tumuju ing *pemerolehan* basa.

c. Tahap Kognitif

Ing *tahap* menika *tahap* ing mangsa *kognisi* gadhah adhedhasar saha *biologis* dhasar ing byantu *pemerolehan* basa. Ing kognitif menika saking dhasaran *linguis* miturut Chomsky. Saking mriki saged dipunpikir *kognitif* ing mriki salah satunggaling proses *pemerolehan* basa. *Pemerolehan* basa ing manungsa boten pinathok adhedhasar saking *psikolog kognitif* mawi boten ucul saking realita *psikologi*-nipun piyambak. Dados pemerolahan basa menika ugi saged saking kadadosan perkawis ingkang kadadosan *realita psikolog* basa mawi ugi ujaran basa dening manungsa. Saha adhedhasar saking *biologis* menika salah satunggaling daya pangaribawa ing perkembangan basa ingkang utama, lantaran tuwuhing *faktor biologis*/sarira awujud otak saha piranti *artikulator* ingkang dipunsarujuki dening Chomsky saha Lenneberg.

d. Tahap Teori Psikolinguistik

Ing *tahap* menika *psikolinguistik* ingkang mbokbilih kawruh boten setunggal pancet ing *psiko* kaliyan *linguistik* kemawon, ananging *psikolinguistik* menika gadhah daya pangaribawa piyambak gayut kaliyan babagan kawruh sanesipun dhumateng *neurologi*, *filsafat*, *primatologi*, saha *genetika*.

Neurologi menika gadhah daya pangaribawa piyambak mawi saged dukung perkembangan basa ing manungsa. Pramila pamarolihaning basa boten pinathok ing lingkungan kemawon,

ananging ugi saged *perkembangan* otak saha piranti sarap *neurologis* ingkang ginawa nalika lair. Kawruh *filsafat* ing wekdal kepengker menika sampun wonten perkawis ing *pemerolehan* babagan kawruh kapinteran nalika jaman purba dumugi samenika dados piremangan ing para tokoh *filsup*. *Primatologi* saged nuweni babagan ing manungsa menika kados pundi khususon *pemerolehan* basa manungsa saha genetika menika ugi piyambak boten tebih gayut pertumbuhan basa manungsa.

B. Definisi Psikolinguistik

Miturut Clark saha Clark ing Dardjowidjojo wonten ing buku *Psychology and Language: An Introduction to Psycholinguistics* menika andharaken anggen psikolinguistik menika wonten tigang perkawis utama antawisipun: *komprehensi*, *produksi*, saha *pemerolehan* basa. Inggih saged andharan saking tokoh wau ngandharaken anggen *psikolinguistik* menika kawruh ingkang nyinaoni babagan *mental* manungsa dhateng basanipun piyambak.

Ing mriki andharan saking perkawis-perkawis utama *psikolinguistik* saged dipunsebataken langkung wiyar: (a) *komprehensi* menika proses baureksa saking *mental* manungsa kangge nangkep saha tanggap menapa teges ingkang dipundikakaken dening tiyang sanes, (b) *produksi* inggih menika saged wicanten ingkang leres menapa ingkang kita ujaraken, (c) Adhedhasar *biologis* saha *neurologis* ingkang ndamel manungsa saged basa sarta

pemerolehan basa kangge pathokan lare menika *memperoleh* basanipun piyambak.

Amargi lare miturut Dardjowidjoyo (2014 : 300 - 303) menika gadhah proses mental ingkang gayut kaliyan kawruh basa wondene lare sinau anggen bahan *pemerolehan* basa, saengga lare kasebut gadhah sarat inggih *kognitif* ingkang saged nemtokaken tingkah lakuning saha *motivasi* sarta *atensi* kangge gayutaken pamikiran *asosiatif*, mawi pamikiran ingkang dipunnalar dhumateng barang sanesipun wonten sekitarpun. Boten kesupun mawi *aspek neurologis* ingkang gadhah daya pangaribawa kangge sarat lare ing perkembangan *biologis* otak adhedhasar umur saha *psikologis* lare, saengga pemerolehan saha panguwaosaning basa boten kesupun kadya ing *disiplin* kawruh *psikolinguistik*.

Umpami *dislipin* kawruh kasebut gadhah gayut ing gesang padintenan masyarakat, saestu sedaya boten kedah ningali ing pawiyatan kemawon, ananging ugi saking aspek *psikologis* saha *linguistik* saking lare kasebut.

C. Pemerolehan Basa

Pemerolehan basa dening lare-lare menika penting sanget, lare-lare menika salah satunggaling *faktor* daya serap saha umur ingkang *ideal* kangge perkawis sinebat. Subab menika pikantuk wigatos ingkang ageng kangge nelaah kirang langkung kalih *dekade*. Mupangat saking kawruh babagan menika inggih kados pundi *perkembangan* lare ing wicara, mangertos, saha ngginakaken basa ingkang trep, namung sekedhik ingkang ngertos tandatandipun. Lare menika saged kaperang *faktor* anggen saged pengaruh

pemerolehan basa, antawisipun *perkembangan biologis, kognitif, saha sosial*. *Pemerolehan* basa menika salah satunggaling proses dipunginakaken dening lare-lare kangge wigatos pangucapan wonten tiyang sepuh dumugi milih aturan tata basa ingkang paling prayogi, sederhana, saha gayut basa ingkang cerak (Kiparsky ing Tarigan, 1988 : 1-5)

Miturut Dardjowodjojo (2014 : 225-227), *pemerolehan* basa menika proses lare kasebut nampi basa saking ibunipun, inggih menika saged kasebut *pemerolehan* basa ingkang awal-awal. Basa sepisanan ingkang dipunmirengakaen dening lare menika basa ibu. Basa ibu menika saged ugi basa ingkang utama miturut daerah saha wilayah piyambak. Basa kaping kalih menika basa ingkang pikantuk saking pasinaon *formal*. Sejarah pakolehing basa utawi tembung menika sampun wiwit jaman Raja Mesir saderengipun abad 7 masehi dumugi samenika taun 2000.

Salajengipun, mawi miturut Alwasilah (1985 : 143-144), seserapan tembung menika ugi saged ragam R menika dipunginakaken kangge wicantenan kaliyan kulawarga, konco kenthel saha tiyang wonten sekitar mriku. Ragam R menika dipunwastani basa ibu, kosok wangsulipun ragam T menika ugi pikantuk saking lembaga pandidikan *formal*.

Ugi Chaer saha Leonie (2010: 81-82) ngiyataken mawi adhedhasar seserapan basa, ugi dipunperang dados basa pisanan saha basa kaping kalih. Basa pisanan menika basa ibu. Basa ibu menika basa ingkang salah satunggaling aturan *linguistik* ingkang ngacu kanthi alamiah saking kulawarga ingkang ngasuh larenipun. Tuladhanipun lare menika tinggal wonten daerah

Gunung Merapi, ingkang basa ibu menika basa Jawa. Ingkang basa kaping kalih menika basa Indonesia ingkang dipuntampi wonten sekolahan.

Wonten ing pamikiraning Chaer (2009 : 30-31) para ahli *linguistik deskriptif* mawon basa menika awujud *sistem* lambang *bunyi* basa ingkang sipatipun *arbitrer*, lajeng dipunangge dening salah satunggaling kelompok masyarakat kangge wicantenan saha wujud ajining dhiri. Basa menika adhedhasar saking subsistem (*fonologi, morfologi, saha sintaksis*) ingkang boten setunggal *sistem* kemawon. *Sistem* basa menika *sistem* lambang awujud ing *bunyi*, boten gambar utawi tanda sanesipun, ing *bunyi* menika piranti ucap manungsa. *Sistem* lambang basa arbitrer gadhah teges lambang *bunyi* kasebut boten wajib gayut kaliyan konseping pralambangan. Babagan lambang basa inggil kasebut gadhah ancas ing saben lambang basa, tembung, *frasa, klausa*, saha ukara sarta wacana gadhah teges tartamtu, pramila saged kemawon owah utawi boten owah babar blas.

Dipunwastani *pemerolehan* basa menika saking para ahli inggih basa ingkang pikantuk wonten lingkungan kulawarga ing manggen wonten daerah tartamtu ugi manut turun temurun wonten aturan basa ingkang sampun disarujukaken dening masyarakat, basa ibu. Lare menika gadhah kodrat ingkang saged nirun inggih lantaran mireng, ningali, saha ngraosaken pitutur ingkang dipunucapaken.

D. Fonologi

Fonologi menika objek kajian linguistik ingkang khususon babagan nyinaoni basa lisan, ing mriki basa menika awujud basa *bunyi ujar*. Kawruh ingkang ngandharaken wontren perkawis *bunyi* utawi swara. *Fonologi* saged kadhapuk dados kalih babagan, ingkang setunggal *fonetik* saha ingkang kalih *fonemik*. *Fonetik* menika menika babagan *fonologi* khususon wigati ing *bunyi-bunyi* ujar kemawon. Ing *fonemik* inggih menika ngandharaken *bunyi-bunyi* ujar wonten ing basa lazim utawi babagan *sistem* basa (Muslich, 2010 : 1-2).

Fonologi menika gadhah peran utawi gegayutan kaliyan kawruh morfologi saha sintaksis. Nanging, saderengipun lajengaken morfologi kaliyan sintaksis, wondene rumiyin kados pundi *fonologi* ing basa lisan menika. Mupangat kawruh *fonologi* boten tebih saking aturan gambaran *ujaran bunyi*, mila dipunsebataken *ejaan*. *Ejaan* menika dipunperang dados kalih, inggih *segmental* saha *suprasegmental*.

Segmental ngandharaken boten namung *bunyi ujar* kemawon ing awujud huruf sinerat utawi lisan, pramila saged babar ing awujud tembung, *frasa*, *klausa*, ukara, saha sapanunggalanipun. *Suprasegmental* menika *subab fonologi* ing ngukur kados pundi *bunyi ujar* awujud *tekanan*, *nada*, *durasi*, *jeda*, saha *intonasi*.

1. Fonetik

Fonetik inggih menika bidang kaji *fonologi*, ingkang ngandharaken babagan pasinaon ningali cara kerja piranti ucap ing ngasilaken swara *bunyi* ingkang kodratipun *bunyi* lumantar getaran swara, saengga dipunmirengaken

dening piranti pangrungunipun manungsa (Mulyani, 2008 : 5-11). Babagan ing pandukung *fonetik* kadhapuk saperangan jinis-jinis *fonetik*. Jinis *fonetik* wonten tigang cabang, inggih *fonetik organis*, *fonetik akustik*, saha *fonetik auditoris*. Langkung jelasipun malih jinis-jinis *fonetik* antawisipun:

a. Fonetik Organik

Fonetik ingkang ngandharaken cara nyinaoni babagan tuwuhing swara *bunyi* ingkang adhedhasar saking piranti pangucap utawi *artikulasi*.

b. Fonetik Akustik

Fonetik ing cabang menika nuwoni babagan wujud fisik saking swara *bunyi* menika dipunkasilaken. Wonten mriki dipunsuguhi babagan swara lumampah ing *medan* utawi media *hantar*, pramila swara menika saget tumuju ing piranti pangrunguning manungsa. Dipuntingali saking daya pangaribawanipun *fonetik akustik* menika saget botenipun swara menika saget dipunmirengaken sebab saking sumber saha media ingkang saged ngasilaken getaran swara.


Media getaran swara dipunbentuk mawi *frekuensi*, *amplitude*, saha *resonansi*. *Frekuensi* menika gelombang getaran *media* mawi wonten watesaning saged dipuntampi ing pamireng wonten ing swara *bunyi*. Amplitudo menika jarak minggah ngandhapipun jarak panjang gelombang, saengga wonten ing swara *bunyi* menika saged dipuntiten saking jelas botenipun swara ingkang dipunasilaken. *Resonansi* menika swara *bunyi* dipunasilaken saking sumbering *bunyi* amargi wonten wuju tartamtu ingkang getar supados ngasilaken swara *bunyi*. Ing mriki sumber swara

bunyi menika saking piranti *artikulator* utawi piranti pangucaping manungsa (*rongga mulut/ oral* saha *rongga hidung/ nasal*).

c. Fonetik Auditoris

Fonetik jinis wonten mriki naliten babagan swara *bunyi* lumantar *persepsi* basa dipuntangkep. *Resepsi* menika swara *bunyi* ingkang dipuntampi dening *indera* pangrungon. *Persepsi* menika swara *bunyi* ingkang dipuntampi salajengipun dening pamikir menapa ingkang dipunkersakan dening sumber asal swara *bunyi* utawi ujaran menika.

Gambar I: Kerangka Gayutaning saking Tigang Jinis Fonetik



2. Fonem, Vokal saha Konsonan

a. Fonem

Fonem inggih menika (Mulyani, 2008: 45-46) salah satunggaling saperangan alit ing tembung ingkang gadhah makna *kontras*. *Fonem* menika kangge pambeda makna *abstrak*, sarta asil *konkret* kasebut wujudipun *fon* inggih *bunyi*.

b. Vokal

Vokal ing basa Jawi menika gadhah 8 jinis vokal miturut Mulyani (2008: 46-53) inggih antawisipun vokal /a/, /ɔ/, /i/, /e/ /ɛ/, /ə/, /u/, saha /o/. Pramila *vokal* kasebut ginantung ing *konteks* saha *fonem* ing tembung tartamtu, supados saged beda-beda *fon* saha maknanipun. Ugi wonten vokal rangkap ingkang namung dipungadhah kemawon ing basa Jawi. Kadosta, tembung /orenek/, /uelek/, /guedhi/, saha sapanunggalanipun.

c. Konsonan

Konsonan basa Jawi bilih (Mulyani, 2008: 53-67) gadhah *fonem-fonem* antawisipun, /b/, /c/, /d/, /ɖ/, /g/, /h/, /j/, /k/, /l/, /m/, /n/, /o/, /p/, /r/, /s/, /t/, /tʰ/, /w/, saha /y/. Ugi wonten ingkang kalebet hanuswara /ŋ/ saha /ñ/. Konsonan rangkap inggih ugi wonten ung basa Jawi bilih nganggenipun kalih konsonan mawi urutan. Konsonan rangkap ugi dipunsebat gugus *konsonan* utawi *klaster* wonten ing rangkap kadosta, /pr/, /br/, /mr/, /wr/, /tr/, /dr/, /tʃr/, /ɖr/, /sr/, /cr/, /jr/, /kr/, /gr/, /pl/, /bl/, /tl/, /dl/, /sl/, /cl/, /jl/, /kl/, /gl/, /dw/, /lw/, /cw/, /kw/, saha /sw/.

3. Fonotatik

Kaidah / tata aturan *fonotatik*-ipun ingkang saking saking *suku* tembung utawi silabe ingkang pisanan. Ing data menika kedah dipunrembag lantaran lampahi enem *kaidah fonotatik* ing basa Jawa (Mulyani, 2008 : 67-68). *Fonotatik*-ipun mawi sinerat ing *data* awujud kadosta wonten *struktur* V, VK, KV, KVK, KKV, saha KKVK ing *silabe fonotatik* basa Jawi.

E. *Morfologi*

Salah satunggaling babagan kawruh ingkang taksih gayut *interdisipliner* fonologi saha sintaksis. Wonten mriki ngandharaken babagan ngengrengan wujud saha jinis tembung ing daya pangaribawanipun owahan wujud sarta teges tembung, mbokbilih dipuntingali saking *fungsi gramatik menawi semantikipun* menika morfologi miturut Ramlan ing Tarigan (1988 : 1 – 5).

Morfologi utawi *Morfemik* menika mbabar *morfem* ingkang gadhah mupangat ageng ing babagan tata basa, pramila *morfemik* menika diperang wonten 2 *morfologi* antawisipun, *morfologi sinkronik* saha *morfologi diakronik*. *Morfologi sinkronik* menika naliten cakupaning wonten setunggal wekdal, mbokbilih ing wekdal kepungkur utawi wekdal samenika. Mliginipun *morfologi sinkronik* menika *analisis linear*, inggih ngusut perkawis *sintaktik* saha *leksikal* tembung. Sarta boten wonten sangkut pautipun ing tempo utawi asal-usul saking basa kita piyambak.

Morfologi miturut Uhlenbeck terjemahan Djajanegara (1982 : 4 – 12) *studi* kawruh ingkang micara babagan *korelasi sistematis* wujud saha teges ingkang gayut kaliyan tembung-tembung wonten ing basa. *Morfologi* wonten ing Uhlenbeck menika wonten gegayutan bab sami-sami rembug bunyi tembung, ananging ing *morfonologi* inggih menika kawruh ingkang andharaken babagan *sistematis* wujud *bunyi* tembung saha *morfem*. *Morfologi* ing mriki wujud tembungipun pikantuk wuwuhan kadosta awalan (in-) ‘ukir’ dados ‘inukir’, kadang kala wuwuhan tembung sisipan (-in-) saking ‘balang’

dados 'binalang'. Kosok wangsulipun *morfonologi* wonten setunggal *kosonan* ing posisi akhir. *Morfologi* langkung khusus ing tata *sistem* tinata saha gadhah ciri khususon piyambak. Pramila *morfologi* menika babar babagan cara nggayuh mlebeting saking tata tembung mila saking tembungipun saha *proses sinkronis* piyambak awujud *deskripsi morfologi*. Salah satunggaling cara sukses kangge nemtokaken kados pundi awujud *morfologi* basa Jawi menika inggih nyinau gayutipun wujud saha teges ing tembung-tembung ing *subsistem morfologis* tartamtu.

Pramila kangge nemtokaken ing panaliten *morfologi* (*perbandingan tembung*) lantaran *prosedure-prosedure* (kalih *istilah* ing morfologi) ing *produktivitas* basa salebeting *sistem tertutup* kangge *inventarisasi* tembung-tembung supados jangkep. Panaliten menika saget mlampah sae menika kedah wonten kalih sarat tartamtu inggih antawisipun: (1) kedah wonten para *informan* kangge wekdal ingkang cekap dangu; (2) tiyang ingkang mawangunem kedah saget ngangge basa ingkang limrah dingge supados boten canggung dhateng *informan* saha mangertos ingkang dipunkersakaken dening *informan* ing manggihi bahan-bahan *data* dipunkarepaken, langkung malih menawi rikala wawangunem saget alternatif damel ukaranipun piyambak.

Morfem menika wonten kalih jinis, *morfem terikat* saha *morfem non-terikat* utawi bebas. *Morfem terikat* inggih menika setunggal unit basa paling alit ingkang boten gadhah daya kangge jumeneng piyambak, mawi setunggal *unit* basa menika saking saperangan *fonem* lajeng setunggal ikatan menika gadhah teges saha wos ingkang lantaran gabung dhapuk morfem mandiri

(tembung wetah). Kadosta morfem (sa-). Morfem menika boten jelas anggen teges, nanging saking boten kejelasan ing morfem menika mawi dipunagayutaken kaliyan morfem sanesipun pramila dados tembung. Kadosta:

Sa+gepuk = sagepuk tegesipun dados sak gegeman tangan;

Sa+wakul = sawakul tegesipun dados setunggal wadah.

Morfem (sa-) ingkang gabung ingkang kaliyan tembung ‘gepuk’ utawi ‘wakul’, mila mujudaken teges enggal mawi radi beda wosipun. Morfem menika ngandhet makna ‘dados (setunggal)’.

Ewadene morfem bebas menika morfem ingkang gadhah daya jumeneng piyambak lantaran wetah saking teges saha *gramatika*. *Morfem* jinis menika saking tembung tulen, inggih tembung menika dereng owah wujud saking wiwitan bentuk. Kadosta: mangan, omong, mlaku, lan sapanunggalanipun. Pramila bandingan kalih morfem menika saged kapundhut perkawis ingkang dhasari wonten tembung antawisipun wonten morfem (kajian alit) saha tembung wuwuhan (kajian ageng). Ing mriki owahan bunyi saking gabungan *interdislipiner morfem* menika dipunsebat *morfofonemik* menawi saged mlebet kajian *objek morfologi*.

Ing miturut Antunshono (1956, 13-70) *morfologi* ing panaliten kasebut ngrambag wujud saha jinis saking tembung-tembung. Mawi wujud tembung menika ngrembag babagan struktur tembung ingkang dhasar pandhapuking tembung. Dhasar tembung kasebut gadhah macemipun antawisipun, lingga, lingga andhahan, andhahan, tanduk, tanggap, tandang, dwilingg, guna, wisesa-na, wancah, saha camboran. Sarta awujud saking jinis

tembung menika babagan tumrapipun tembung kasebut gadhah peranipun piyambak, antawisipun sesulih I, sesulih II, sesulih III, sesulih barang, aran, kriya, katrangan, panggandheng, panguwuh, wilangan, saha panyambung.

F. *Sintaksis*

Miturut Supriyadi (2014 : 1) *sintaksis* menika ngelmu babagan tata basa ingkang ngandharaken aturan panggabungan tembung dados setunggal *gramatik* ingkang langkung ageng sinebat *frasa*, *klausa*, dan ukara, sarta papakan *morfem suprasegmental* ingkang cocok kaliyan struktur semantikipun dening tiyang ingkang ujaraken.

Babagan subab *linguistik* ingkang ngandharaken aturan saha tata basa kangge dhapuk ukara wonten ing basa tartamtu inggih menika *sintaksis* (Chomsky wonten Tarigan, 1985 : 64 - 67). *Sintaksis* inggih wonten kaidah-kaidah *frasa* utawi ugi saged sinebat basa struktur *frasa*.

Wonten ing buku *Sintaksis* anggitanipun Arifin saha Junaiyah (2008) ing mriki ngandharaken *sintaksis* menika babagan *linguistik* ngrembag babagan tetembungan gayut kaliyan tuturan utawi ujaran. Unsur basa ingkang dipunrembag ing *sintaksis* menika minangka *frasa*, *klausa*, saha ukara.

Saha wonten malih bab *sintaksis* miturut Ramlan (1976 : 57) menika babagan kawruh tata basa saking *linguistik* ingkang ngrembag perkawis *frasa* saha *ukara*.

Dipunkempalaken pamrayogi saking para tokoh sintaksis menika ngandharaken babagan cabang linguistik khususon tata basa mliginipun unsur basa antawisipun *frasa*, *klausa*, saha ukara.

1. *Frasa*

Pangertosan *frasa* miturut Parera (1991 : 32 - 33) inggih menika setunggal tembung utawi langkung ingkang nuwuhaken salah satunggaling adhedhasar dhapuk *frasa*, langkungipun menawi saged awujud ukura utawi sanesipun ukara.

a. *Frasa Endosentris* saha *Frasa Eksosentris*

1) *Frasa Endosentris*

Frasa endosentris menika *frasa* ingkang pawujudanipun saking setunggal wujud ingkang dipun-*distribusi* saha gunanipun sami kaliyan pambentukipun.

2) *Frasa Eksosentris*

Frasa eksosentris menika *frasa* ingkang salah satunggaling wujud ingkang boten gayut kaliyan tata *sintatik* kaliyan unsur pambentukipun.

2. *Klausa*

Klausa miturut Supriyadi (2014 : 5 - 6) inggih menika unsur basa ingkang manggen wonten langkung ngandhap dhumateng ukara saha langkung inggil dhumateng *frasa*. *Klausa* gadhah *unsur* jejer saha wasesa. Sinaosa *unsur* jejer menika boten dipunujaraken, ananging wasesa kemawon ingkang medal, pramila ningali kawontenan aturan ing basa.

3. Ukara

Ing perkawis ukara menika kita saged nemtokaken saha manggihi tata basa, pramila kedah dipunwaosi saking tata aturanipun saking tata ukara basanipun (Parera, 1991 : 6 - 7).

Ukara kasebut wonten sekawan jinis ukara inggih ukara gothang, ukara *simpel*/ lamba, ukara pepak/ ganep, saha ukara majemuk/ camboran miturut Antusuhono (1956: 15-21). Pramila jinis dhasar ukara menika sejatosipun wonten kathah, ananging mendhet sekawan sampun cekap.

Ukara menika inggih rantaman separangan tembung utawi frasa utawi klausa ingkang dhapuk babagan tata basa. Ukara miturut Antusuhono (1956: 7-42) bilih wonten ukara mawi wujud saha wedharing gagasan ingkang dipunpirsani. Menawi saking wujud ukara menika wonten ukara gothang utawi boten ganep, ukara lamba utawi *simpel*, ukara ganep utawi pepak, saha ukara majemuk utawi camboran..

4. Modus

Miturut Verhaar (2016: 248-260) modus ingkang dipunwastani menika bilih wonten maneka warni jinisipun. Modus menika gambaraken ukara ingkang gadhah ancas antawaisipun, *modus deklaratif* (andharan), *modus interogatif* (pitakon), *modus imperatif* (pakon), *modus desideratif* (pangajab), *modus negatif* (kosok wangsul positif), *modus hortatif* (pangajak) saha *modus irealis* (kawontenan).

G. Lare Umur 4 Taun

Lare menika ingkang mangsa kanak-kanak (1 – 7 taun) menika dipunsaranaken maringi patuladhan, tumindak ingkang limrahipun basa saha solah bawa. Saengga lare menika nuladhan tingkah lakuning tiyang sepuhipun saged sanget mlebet wonten pamikiranipun (Shochib, 2000: 28-29)

Miturut Freeman saha Utami (2001: 1-4) ing tiyang sepuh menika minangka guru paling prayogi kangge pandidikan lare yuswa 0 – 5 taun. Pramila lare menika saged mangertosaken bababagan pandidikan saking tingkah laku saha basa ingkang dipuntumrapkaken ing komunikasi saben dinten.

Lare umur saderengipun 2 tahun menika saged nguwaosaken setunggal tembung, lajeng tumuju 2 taun lare menika sampun nguwaosaken ngucap kalih tembung. Lajeng umur 4 – 5 taun menika sampun lancar anggenipun wicantenan. Salajengipun manungsa menika saged nyinaonaken basa ibu menika ing prosesipun umur tartamtu kemawon, umur 2 – 12 taun. Sak nginggilipun umur 12 taun menika sampun boten saged nguwaosi aksèn basa kanthi lancar (Dardjowidjojo, 2014: 197-199).

Mawi saking para ahli saged paring gambaran ingkang lare ing umur 4 taun taksih wonten *tahap perkembangan* basa ingkang penting. Menika dadosaken mliginipun lare dipunteliti ing panaliten menika menapa ingkang dipunwastani lare taksih saged basa, mawi ing mriki basa Jawi ingkang manut saking dherahipun piyambak-piyambak.

1. *Tingkatan saha Karateristik Pemerolehan Basa Pisanan*

Miturut Simanjuntak saha Dardjowidjojo wonten Suhartono (2005 : 82 - 84) tingkatan pamarolehing basa pisanan wonten lare menika wonten 6 *tahap* inggih menika: (1) tingkat *babel* (0,0-1,0); (2) tingkat *holofrasa* (1,0-2,0); (3) tingkat *ujaran* kalih tembung (2,0-2,6); (4) tingkat awalan tata basa (2,6-3,0); (5) tingkat dumunung tata basa diwasa (3,0-4,0); (6) tingkat wasis basa jangkep (4,0-5,0).

a. *Tingkat Babel (0,0-1,0)*

Tingkat *babel* menika asaling saking tembung *babbling* saking basa Inggris. Wonten terjemahan ngangge ingkang muni ‘ngagah’ utawi ‘ngleter’. *Babel* menika wonten kalih jinis menika *babel* kaliyan *dekut*. *Dekut* menika limrahipuin umur 0,0 dumugi 0,6. Salajengipun menika *babel* wonten kaliyan basa-basa ingkang limrahipun, kadosta basa ibu. Sanesipun basa ibu sampun boten wonten bayi menika mireng nalika umur 6 wulan langkung.

Ing salajengipun umur 6 wulan dumugi setunggal tahun lare menika sampun saget ngucapaken tembung *fonotaktik* ingkang awujud konsonan vokal (kv).

Tingkatan *babel* menika minangka kasiling bayi menika ngolah motorik wicara ingkang supados saget wicantenan. Ing mriki lare menika saget gladhen ngolah kelenjar otot supados kersanipun ngendika menapa.

b. Tingkat *Holofrasa* (1,0-2,0)

Lare ing umur setunggal taun mliginipun wiwit ngucap tembung-tembung. Tetembungan ingkang cakup sedaya aspek wonten ing setunggal ukara, lantaran wasis antawis rasa kangge ngandharaken karep ingkang dipunujaraken. Minangka lare ngucap “aem” utawi “maem” tegesipun saged “aku pengen maem”, “aku jaluk didulang maeme”, utawi “mbok maem aku luwe (kaliyan brebes nangis)”.

Ujaran-ujaran setunggal tembung ing nalika sawetawis menika *holofrasa-holofrasa*, amargi lare-lare mneika andharakaen setunggal teges ing setunggal *frasa* utawi setunggal ukara dados setunggal tembung ingkang dipunucapakaken. Kathah tembung *frasa* menika ingkang dhapak teges ingkang langkung setunggal kersanipun lare. Pramila kedah dipuntingali tumindak saking lare menika, lajeng saged nemtokaken menapa ingkang dipunkersaken dening lare ingkang sami ing pikiran saha dipunucapakaken.

Wekdal *holofrasa* menika antawis umur 1,0 dumugi 2,0 inggih menika lare-lare ngucapaken setunggal tembung ingkang saged dados setunggal ukara ingkang cekak saha padat. Minangka wonten lare ingkang nyebataken “cucu” kadosta tegesipun susu pramila lare menika kersanipun ngandharaken ukara “aku arep mimik susu.” Perlu dipunwigati menika sampun ing ranah *holofrasa* lare ngucapaken setunggal tembung, nanging menika taksih dereng jangkep. Menawi menika taksih saged boten jangkep

lantaran kados ujaran tiyang ageng. Mbokbilih ujaran lare menika taksih ugi babelan ingkang boten wonten teges ingkang prelu.

c. Tingkat Ujaran Kalih Tembung (2,0-2,6)

Wonten ing mangsa umur 2,0 dumugi 2,6 lare limrahipun sampun saged ngucapaken kalih tembung. Wonten awal ujaran lare saking *holofrasa* kados “ma” saha “susu” ateges: ibu nembe damel susu dinggo aku. Saha ing mriki teges saking lare menika ingkang leres ugi saged “mak nyuwun susu” utawi “mak susuku, pundi”.

d. Tingkat Wiwitan Tata Basa (2,6-3,0)

Tingkat awalan tata basa menika lare menika saya dangu sangsaya tambah jamak ing tembung, ukara langkung panjang, saha tata basanipun langkung jangkep. Tambahan saha gladhen ing mriki sawetawis dangu saya ningkat amargi perkembangan lare.

Mangsa awalan tata basa umur 2,6-3,0 menika ngginakaken wujud basa ingkang langkung awrat, utawi kados *afiksasi*. Ukara-ukara ingkang dipunujaraken gadhah sarat ingkang wos saha boten wonten tambahan sanesipun. Ukara ingkang dipunujaraken dening lare mirip kados *telegram* utawi ukara *telegram*. Kadosta: “ma asar” ingkang ateges “mamak blonjo ing pasar”. Tembung “blonjo” boten dipunucapaken. Sami kemawon wonten tetembungan tambahan menika dipunicalaken, limrahipun tiyang ageng damel *telegram*.

e. Tingkat Dununging Tata Basa Diwasa (3,0-4,0)

Lare ing mangsa menika sampun nguwaosi struktur tata basa ingakng langkung jangkep saha saged ubarampe gabungan ukara sederhana kaliyan *komplementasi*, *relativasi*, saha *konjungsi*.

Wonten tingkat dununging tata basa diwasa lare umur 3,0-4,0 taun limrahipun sampun asilaken ukara-ukara ingkang awrat. Ing mriki lare sampun nguwaosi wuwuhan (*afiks*) jangkep saha gadhah jejer, wasesa, lesan, saha kaanan (menawi dipunpreluken).

f. Tingkat Wasis Basa Jangkep (4,0-5,0)

Ing tingkat menika lare sampun ngginakaken struktur tata basa saha ukara-ukara ingkang langkung awrat malih. Kaodsta, ukara *majemuk* sederhana kadosta: “tuku sapu karo pel ing pasar”, “aku tuku permen rasa coklat”, “bue tuku klambi abang ing pasar”. Kawasisan lare kalawau asilaken ukara ingkang sampun kathah wujudipun maneka warni, wonten ukara warta/ ukara wara-wara, ukara pakon, saha ukara pitakon. Ukara kasebut sampun nandakaken tingkatan awrating saking wasising basa lare.

Suhartono (2005: 84) ngadharaken minangka tingkat wasisipun lare umur 4 dumugi 5 taun sampun gadhah aturan-aturan ing basa ibunipun. Lare sampun nguwaosi saha nyiptakaken (rasa) tumuju tiyang sanes dhateng piyambakipun, utawi menapa ingakng dipunkersakaken dhumateng tiyang sanes ingkang becik.

Miturut Iskandarwassid saha Sunendar (2008: 86) nalika ing umur 5 taun wicantenan lare menika langkung maneka warni saha awrat. Wonten ing umur 4 dumugi 5 taun menika kawasisan lare langkung layah, mbokbilih taksih bingung babagan kaanan wekdal. Tetembungan ingkang sipatipun tanduk mbok maenawi sampun ngantos atusan utawi ewunan, nanging ingkang tembung tanggap inggih mawi sampun langkung kathah malih. Ing wanci menika lare sampun gladhen ngetung babagan angka saha ukara ingkang langkung awrat.

H. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh menika ingkang irahahinipun *Pemerolehan Bahasa Indonesia Anak Usia 2,5 Tahun (Studi Kasus terhadap Pemerolehan Bahasa Anak Usia Dini)* anggitanipun Endang Rusyani lulusan Univertas Pendidikan Indonesia 2008.

Panaliten ingkang jumbuh kaping kalih inggih menika *Pemerolehan Bahasa Pertama Anak Usia 0 S.D 3 Tahun Dalam Bahasa Sehari-Hari (Tinjauan Psikolinguistik)* anggitanipun Yosep Trisnowismanto saking Univertas Sanata Dharma 2016.

Panaliten ingkang jumbuh inggih menika wonten *Echa: Kisah Pemerolehan Bahasa Anak Indonesia* dening Prof. Soenjono Dardjowidjojo, Ph.D. Panaliten kasebut nggambaraken parkembangan lare 5 taun, Echa. Panaliten kangge madosi panguwaosan basa saha *psikologi* lare, mila ing panaliten menika nuwuhaken pamikiran *psikolinguistik* ing lare 5 taun. Echa

menika wayahipun Prof. Soenjono Dardjowidjojo, Ph.D., pramila paniliti menika ndhapukaken Echa dados percobaan saha subjek panaliten.

Salajengipun ingkang dadosaken panaliten panyerat menika wonten setunggal lare subjekipun ingkang umur 4 taun langkung 4 wulan. Saha kasiling panaliten menika ngginakaken basa Jawi ing panaliten menika. Pramila pamnyerat wonten kalodhangan ing pados lare menika wonten Kabupaten Wonogiri, Kecamatan Baturetno, Dhusun Duwet Kidul Rt.02/ XV. Prayoginipun lare menika taksih ngginakaken basa Jawi ing wicara padintenan. Kosok wangsulipun wonten sedherek sepupunipun menika mliginipun kathah ngginakaken basa Indonesia.

I. Nalaring Pikir

Dados panaliten menika tumuju babagan objek lare 4 taun, menika limrah saha kados pundi perkembangan lare menika kalawau anggen nyinau aksen basa, Basa Ibu. Lare umur 4 taun menika mangsa *keemasan* utawi mangsa sedaya kemawon patuladhan saha tingkah laku saking tiyang sepuh dipungugu saha dipuntiru. Saengga tiyang sepuh kedah maringaken tuladha saha ngajar budi pakerten kangge kapinteraning lare kasebut.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *kualitatif* mawi *pendekatan studi kasus* amargi ancas saking penelitian menika kangge mangertosi tembung-tembung basa Jawi ing lare 4 taun. Saking perkawis panaliten menika saged ngrembag babagan seserepan tembung, fonologi, morfologi saha sintaksis ing pangucaping tembung ingkang dipunucapkaken dening lare kasebut. Panaliten menika gadhah perkawis ingkang sampun dipunsertat ramtaman pokokipun, ugi saged wiyar sabibaripun nglaksanaken panaliten. Mendet saking pamikiring Sugiyono (2011: 209-210) perkawis panaliten menika kalebet *deskriptif* mliginipun panaliten jumbuh *eksplorasi* sasaran panaliten langkung mendhasar, wiyar, saha teteg. Salajengipun dipunrinci malih dados *studi kasus*.

B. Desain Panaliten

Desain panaliten menika ngginakaken metode *wawancara interaktif* lajeng data mawi *diskriptif*, mawi anggen nututi *perkembangan fonem* Bintang umur 4 taun 4 wulan.

C. Latar Panaliten

Papan panaliten menika dipunlaksanakaken ing alamat Dhusun Duwet Kidul RT 02/ XV, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri ing griyanipun

Syah Bintang Ramadhan. Pakempalan data menika betahaken 1 wulan, ing wulan Desember 2017. Mawi pangolahan saha *analisa* data menika ing wulan Januari 2018.

D. Data lan Sumber Data

Data kapendhet saking *subjek* panaliten ingkang katujokaken dening Syah Bintang Ramadhan. *Subjek* panaliten menika lair rikala tanggal 06 Desember 2013. Data panaliten kapendhet rikala umur 4 taun langkung 4 wulan. Putra saking kulawarga Bapak Denny Nurdiansyah saha Ibu Dewi Lugiyanti. Lare Bintang menika tunggalipun wonten 3 sedherek, pramila lare menika urutan kaping kaping saking mbakyunipun Syahda De Al Nahda saha adikipun Syahieza Lituhayu. Sakmenika taksih wonten ing Pawiyatan Taman Kanak-kanak Aisyah Baturetno. Ing griya larenipun inggih nindakaken kagiyatan inggih antawis dolan (pit-pitan), dolanan *game konsol (Playstation)* bobok siyang, ningali tv, saha sapanunggalipun. Tindak tuturipun sami kaliyan lare sanesipun, ananging wonten lare ingkang saumuran kaliyan lare menika inggih asring ngginakaken basa Indonesia tinimbang basa Jawi. Lare menika tasih wonten gayutan anak sedherek, ananda Ayfa Azzahra Masahiro, pramila panaliten betahaken pawadan kados pundi lare Bintang kaliyan lare anak dherekipun saged beda. Saking *observasi* panyerat wonten daya pangaribawa ingkang saking didikanipun saking tiyang sepuhipun piyambak dhateng lare-lare kasebut.

Rikala umur 3 taun langkung 1 wulan sampun nate dipunpendhet data awujud objek panaliten babagan panguwaosanipun tembung basa lare

menika. Menawi kirang langkung 1 taun langkung 3 wulan menika lare buktekaken sampun wonten *kemajuan* ing tata panguwaosaning tembung basa. Pramila panyerat mendhet setunggal *sampel* inggih lare Bintang kalawau kangge pathokan *populasi* ing lare setunggal dhaerah.

Menawi *objek* panaliten menika inggih tembung-tembung ingkang sampun dipunkuwaosi. Rekaman lumantar wawangunem *interaktif* ing griya ponakan panyerat. Data menika wujudipun inggih wujud basa ing padamelan saben dinten kaliyan panyerat. Saengga *subjek* panaliten kaliyan panyerat anggen pikantuk data mliginipun pitutur padintenan mawi rekaman saha catatan lapangan.

E. Piranti Panaliten

Piranti ingkang dipunginakaken kangge panaliten inggih menika: dipunginakaken wonten ing panaliten studi kasus menika, rekaman *audio* saha kartu catatan lapangan.

F. Cara Ngempalaken Data

Ngginakaken cara *wawancara interaktif* ingkang wicantenan saben dinten panyerat kaliyan subjek data. Miturut Dardjowidjojo (2014: 228) metode *wawancara* menika cara naliten malih ingkang dipunkersakaken dening panaliten menika. Minangka dipunsuwun saha dipunwawancara mawi salajengipun kaliyan lare kasebut, mila lare menika saged banjur mangsuli utawi ugi saged mendel.

Salajengipun awujud metodenipun menika ngangge desain *cross-sectional*. Desain menika dipuntindakaken ing wekdal saha papan ing wanci

utawi swasana tartamtu. Desain menika boten namabahaken data-data, supados objek data saking lare menika langkung prayogi. Boten, desian menika kanthi *observasional* mawi alami. Dados lare menika diujaraken basa kanthi alamiah ing pundi kemawon (Dardjowidjojo, 2014: 229).

Saha ingkang pungkasan ngangge teknik triangulasi data miturut Sugiyono (2011: 241) inggih menika teknik partisipatif menika wawan gunem ingkang langkung mlebet malih sarta dokumentasi langkung serempak. Ginanipun kangge manggihaken data ingkang sami saha gadhah bukti *valid*.

Cara ngempalaken data menika ngangge ngrekam.

Tabel 1: Kartu Data I

No.	Tembung/ Data	Kaidah Fonotatik Tembung*		Jinis Tembung	Jumlah
		Wetah	Silabe Kaping Setunggal		
1	...				
lsp.					

*Katrangan *Kaidah Fonotatik Tembung*:

K : Konsonan

V: Vokal

Data menika saged awujud data *kualitatif*. *Data kualitatif* menika subjekipun sampun nguwaosi tata tembung menapa dereng. *Data kualitatif* menika nganalisis data objek babagan subjek menika sampun nguwaosi wonten pinten tembung ingkang dipunkuwaosi.

Asiling panaliten kasebut dipunserat wonten ing tabel kanthi cetha.

Tabel 2: *Kartu Data II*

<i>No.</i>	<i>Data</i>	<i>Jinis Tembung</i>	<i>Struktur</i>		
			<i>Fonologi</i>	<i>Morfologi</i>	<i>Sintaksis</i>
1	...				
lsp.					

Tabel data menika saged kangge wakil salah satunggaling paerkawis mawi lare sampun nguwaosi babagan tembung-tembung saha struktur ing *fonologi*, *morfologi*, sarta *sintaksis*. Dadosipun *data* menika awujud *data objek* saking tembung lare kalawau.

Wonten *data kualitatif* inggih data menika awujud *data objek* ingkang ngandharaken kuwaosipun ngolah tata tembung menika. Data menika dipunrembag wonten ancering *indikator* perkawis *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis*.

Tabel 3: *Kartu Data III*

<i>No.</i>	<i>Data</i>	<i>Pirembagan</i>		
		<i>Fonologi (Tembung)</i>	<i>Morfologi (Tembung)</i>	<i>Sintaksis (Ukara)*</i>
1	...			
lsp.				

*Katrangan:

(√) sampun dhapuk ukara [*deklaratif*, *interogatif*, saha *imperatif*]

(-) dereng dhapuk ukara

G. Cara Nganalisis Data

Data menika dipunanalisis ngangge cara analisis data ing lapangan Model Miles saha Huberman (1984) ing Soegiyono (2011: 246-252). Model menika ngginakaken analisis data kualitatif. Model menika analisis data panaliten kualitaif minangka wawangunem. Saperangan dipunwawancara

saha pikantuk wangsulan saking wawangunem menika dumugi data sampun *jenuh* saha jangkep. Analisis panaliten menika dipuntindakaken kanthi *interaktif* saha dipunlajengaken kanthi tuntas. Wonten ngandhap tuladha isi saking pikantuking data menika:

Tabel 4: Tuladha Kartu Data I

No.	Tembung/ Data	Kaidah Fonotatik Tembung*		Jinis Tembung	Jumlah
		Wetah	Silabe Kaping Setunggal		
1	Aku	VKV	V	sesulih I	8
lsp.					

Tabel 5: Tuladha Kartu Data II

No.	Data	Jinis Tembung	Struktur		
			Fonologi	Morfologi	Sintaksis
1	Aku	sesulih I	V	lingga	-
lsp.					

*Katrangan **Kaidah Fonotatik Tembung**:

K : Konsonan

V: Vokal

Ing wosing perkawis priembagan ing *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis* inggih dipunsamektakaken *tabel* ingkang langkung wiyar saha cetha. Pramila inggih wonten pirembaran ing njawi *tabel* menika.

Tabel 6: Tuladha Kartu Data III

No.	Data	Pirembaran		
		Fonologi (Tembung)	Morfologi (Tembung)	Sintaksis (Ukara)*
1	Aku pengen gendhong ma.	aku [aku] pengin [peŋIn] gendhong	[zakuz] wujud lingga (jinis sesulih tiyang kaping setunggal mlebet jejer) [pengin-gendhong] wujud	√ (deklaratif)

		[gɛndɔŋ] ma [ma]	lingga (jinis pambantu- kriya) [ma] wujud wancah (jinis sesulih tiyang kaping kalih)	
lsp.				

*Katrangan:

(√) sampun dhapuk ukara [*deklaratif, interogatif, saha imperatif*]

(-) dereng dhapuk ukara

Salajengipun data menika dipunanalisis sabibaripun data menika dipunkempalaken ing tabel data menika sarta dipunanalisis saking wosing perkawis panailten menika. Adhedhasar saking ancas panaliten *studi kasus deskriptif* mawi panaliten menika inggih kedah dipunjlentrehaken ing tembung-tembungipun, kaidah tembung, cacahipun tembung ingkang dipunucap, fonologi, morfologi, saha sintaksis. Saking wosing perkawis kalawau data menika dipunjlentrehaken.

H. Cara Ngesahaken Data

Data ingkang sampun dipunandharaken wosipun mawi dipunajengaken ngesahaken data menawi data dipunuji kredibilitas. Wonten Soegiyono (2011: 270-276) uji kredibilitas mawi isinipun ngangge perpanjangan paningalan panaliten, triangulasi data, analisis kasus, saha *data check* kaliyan rekaman.

BAB IV
ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Panaliten menika adhedhasar saking babagan wigatos inggih menika ancas panaliten ingkang sampun dipunandharakaken ing BAB I saderengipun mawi pitakenan saha wangsulan gamblang.

Tumrap panaliten ingkang adhedhasar wosing perkawis menika inggih manggihi *amarolehan*-ing tembung-tembung saha *struktur* wujud *fonologi*, *morfologi*, sarta *sintaksis* lumantar saking lare umur 4 taun, ingkang naminipun Syah Bintang Ramadhan ingkang singgah griya wonten ing Duwet Kidul Rt 02/XV, Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri. Pramila saking perkawis menika wonten ingkang dipunrembag saha kados pundi asiling pirembagan panaliten. Mbokbilih saking menika lajeng kemawon ing lare menika menapa saged nguwaosi tembung-tembung basa Jawa? Sarta menapa sampun wasis ing ngucap tembungipun saha menapa sampun ngucap wicantenan ingkang sampurna kadosta saged ndhapuk ukara? Ing mriki badhe dipunrembag. Tembung-tembung ingkang sampun dikuwaosi saha *struktur* wujud *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis* dening lare 4 taun inggih menika.

Tabel 7: Analisis Jinis Tembung saha Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis

No.	Data	Jinis Tembung	Struktur		
			Fonologi	Morfologi	Sintaksis
1	Aku	sesulih I	a-ku	lingga	-
2	Mama	sesulih II	ma-ma	lingga	-
3	Polisi	sesulih III	po-li-si	lingga	-
4	cacing	aran	ca-clɲ	lingga	-

No.	Data	Jinis Tembung	Struktur		
			Fonologi	Morfologi	Sintaksis
5	gendhong	kriya	gɛndɔŋ	lingga	-
6	iki/ ki	sesulih barang	iki / ki	lingga	-
7	ning	panggandheng	nɪŋ	lingga	-
8	uwis	katrangan	uwɪs	lingga	-
9	adem	katrangan kaanan	adəm	lingga	-
10	suwe	katrangan wekdal	suwe	lingga	-
11	akehne	katrangan barang	akehne	lingga andhahan	-
12	wani	katrangan tumindak	wani	lingga	-
13	gek	panguwuh	geʔ	wancah	-
14	siji	wilangan	siji	lingga	-
15	terus	panyambung	tərUs	lingga	-
16	swarane	aran	s ^w arane	lingga andhahan	-
17	ngentut	kriya tanduk	ŋəntUt	tanduk	gothang
18	gawekke	kriya tanpa lesan	gawɛʔke	andhahan	gothang
19	digawekke	kriya tanggap	digawɛʔke	tanggap	-
20	dilebokke	kriya mawa lesan	diləbɔʔke	tanggap	-
21	takbalang	kriya tandang	taʔbalan	tandang	-
22	bukaken	kriya tanpa lesan	bukaʔən	guna	-
23	okeh	katrangan	okeh	camboran	gothang
24	perang-perangan	kriya	pəran-pəran	dwilingga	gothang
25	dolanan	aran	dolanan	wisesa-na	-
26	“Aku pengin gendhong ma.”	-	“Aku peŋɪn gɛndɔŋ ma.”	-	pepak
27	“Om bukaken!”	-	“Om bukaʔən!”	-	<i>simpel</i>
28	“Kowe apa ameh tuku camata kaya ngene iki?”	-	“Kowe ɔpɔ ameh tuku cɔmɔtɔ kɔyɔ ŋene iki?”	-	pepak

No.	Data	Jinis Tembung	Struktur		
			Fonologi	Morfologi	Sintaksis
29	“Aku pengen sing gosityong, sing enek cokat.”	-	“Aku penIn sIn gosityong, sIn ene? cokat.”	-	camboran

Tabel data kasebut salah satunggaling makili saking saperangan data inggih nyangkup sedaya perkawis panaliten. Pramila lare kasebut sampun nguwaosi bab jinising tembung kirang langkung 11 iji, menika sesulih I, sesulih II, sesulih III, sesulih barang, aran, kriya, katrangan, panggandheng, panguwuh, wilangan, saha panyambung. Ananging taksih wonten lare saged nguwaosi babagan ing *struktur fonologi* inggih menika wonten *struktur* V, VK, KV, KVK, KKV, saha KKVK ing *silabe fonotatik* basa Jawi. Supados titikanipun tembung-tembung basa Jawi saking lare kasebut saged dipunwastani, pramila dipundamel *struktur morfologi* ingkang nyatakaken wujud tembungipun. *Struktur* kasebut ingkang sampun dipunkuwaosi dening lare inggih menika antawisipun lingga, lingga andhahan, andhahan, tanduk, tanggap, tandang, dwilingg, guna, wisesa-na, wancah, saha camboran. Amargi dipuntingali saking dapuraning tembung kasebut saged nyatakaken dhapuk ukara. Wonten ing ukara kasebut inggih dipuntingali lare sampun saged dhapuk ukara ingkang mlginipun sampun nguwaosi saperangan babagan *sintaksis*. Babagan *sintaksis* ngandharaken bab perkawis lare kasebut ingkang dipunkuwaosi antawisipun gothang/ boten ganep, sederhana/ *simpel*/ lamba, pepak/ ganep, saha camboran/ majemuk.

Inggang kaping setunggal inggih menika tembung-tembung ingkang sampun medal saha dipunkuwaosi dening lare Bintang. Lare menika samenika umur 4 taun, ugi saking umuripun menika sampun gadhah pandhapuking tembung dhumateng wicantenan. Amargi saged kemawon muni *klausa, frasa* mbok bilih saged ukara (ukara gohang, ganep, saha pepak), ananging ukara menika tesih tebih saking sampurnaning tata basanipun. Mawi wonten mriki saged dipunrembag rumiyin babagan tembung lantaran menapa kemawon lare menika wicantenan tembung ingkang asring dipunambali.

Paniliti asring manggihi anggen lare wicantenan kaliyan tiyang cerakipun utawi lingkungan, lingkungan pawiyatan TK, mawi lingkungan keluarga saha menika mirip wicantenan ing bas padinan. Inggih wonten pengaruh saking tiyang njawi ingkang dolan wonten griyanipun nalika dolanan *rental Playstation*, inggih lare menika midhangetaken anggen tiyang njawi menika main kaliyan wicantenan. Tiyang njawi menika maneka warni tingkah laku saha umuripun beda-beda.

B. Pirembagan

Asiling panaliten menika ngandhet bab babagan pirembagan panaliten ingkang mratelalaken bab tembung-tembung ingkang langkung wiyar saha cetha. Babagan tembung-tembung menika saged dadosaken pathokan mawi panguwaosaning basa Jawa ing lare 4 taun mlginipun bab tembung.

Pramila babagan pirembungan menika gadhah ancas inggih menika ancas kados pundi tembung ing pasinaon ing tembung-tembung ingkang dipunkuwaosi, *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis*-ipun ing tembung basa Jawa lare 4 taun kasebut.

1. Tembung-tembung ingkang Dipunkuwaosi

Tembung ingkang dipunkuwaosi dening lare kasebut saged dipunrembug ing pirembagan babagan ing jinis tembung. Amargi saking jinis tembung supados langkung gampil milah nata tembung anggen lare kasebut ngecakaken tembung-tembung. Jinis tembung dening lare kasebut ingkang saged dipunkuwaosi antawisipun sesulih I, sesulih II, sesulih III, sesulih dununging barang, aran, kriya, kriya mawa lesan, kriya tanpa lesan, kriya tandang, kriya tanduk, kriya tanggap, katrangan, katrangan, katrangan kaanan, katrangan wekdal, katrangan barang, katrangan tumindak, panggandheng, panyambung, panguwuh, saha wilangan.

1.1. Sesulih I

Tiyang kaping setunggal inggih *subjek*-ipun piyambak utawi ing *konteks* wicantenan kasebut mapan wonten jejer. Wonten *Tabel 9* [1] inggih menika “Aku pengin gendhong ma.” Mawi nyatakaken ingkang sesulih I menika inggih /Aku/ ingkang dipunserat garis ngandhap kasebut.

1.2. Sesulih II

Tiyang kaping kalih utawi sesulih II nyatakaken lare kasebut wicantenan kaliyan tiyang sanes ingkang dherek wicantenan.

Dipuntingali saking *Tabel 9* [1] inggih menika “Aku pengin gendhong ma.” Tembung ingkang dipunserat garis ngandhap inggih menika /ma/ ugi saged sinerat ing tata ukara limrahipun lesan.

1.3. Sesulih III

Tiyang kaping tiga inggih sesulih III mawi dipunwicantenaken menika tiyang sanes ingkang boten dherek wicantenan, ugi dados bahan wicantenan. Saking *Tabel 9* [8.a.] menika “Polisi.” Sinebatan tembung /polisi/ kalebet lare sampun nyebat tiyang sanes njawi wicantenan.

1.4. Sesulih Dununging Barang

Kapendhet *Tabel 9* [4.d.], “*Patah iki*” nunjuk ing barang ingkang lare kasebut nembe nyepeng dolanan *slime*. Miturut konteks data wetah rekaman kasebut lare nembe nyepeng dolanan kasebut, lajeng panailiti badhe ngampil dolanan kasebut, ananging lare menika ujar dolanan menika pedot.

1.5. Aran

Tembung jinis aran kasebut saged dipunpanggih *data-nipun* ing *Tabel 9* [24], “Apa ameh tuku cakamata kaya ngene iki?”, sebab ingkang sinebatan aran inggih ingkang awujud barang tartamtu ingkang kening tumindak saking *subjek-ipun*. Tembung /cakamata/ kasebut mliginipun kacamata ingkang leres.

1.6. Kriya

Kepaendhet saking *Tabel 9* [24], “Apa ameh tuku cakamata kaya ngene iki?”, inggih nunjukaken jinis tembung kriya inggih /tuku/, amargi jinis tembung kasebut gadhah daya pangaribawa ing tumnidak dhateng barang utawi padamelan tartamtu.

1.7. Kriya Mawa Lesan

Kriya mawa lesan inggih saged dipuntingali saking *Tabel 9* [15.b.], “Ben ra cokoti nyamuk.”, mawi ing tembung /cokoti/ dipunserat garis ngandhap kasebut tembung kriya ingkang lumantar ing *konteks* gadhah lesan /nyamuk/.

1.8. Kriya Tanpa Lesan

Kosok wangsulipun saking kriya mawa lesan ingkang wonten babagan krita tanpa lesan inggih boten ngangge lesan, supados tembung kasebut saged madeg piyambak ing ukara tanpa lesan. Ing *Tabel 9* [32.e.], “Dipeteni.”, pramila tembung menika menawi dipuntaliti malih gadhah gegayutan konteks ing *Tabel 9* [32].

1.9. Kriya Tandang

“Om ra tak keki rotine.”, *Tabel 9* [22.a.] kasebut tembung /rotine/ ingkang pikantuk seratan garis ngandhap menika jinis tembung kriya tandang. Tembung menika gadhah teges ing kaanan lare menika menawi boten enggal-enggal dipuntampi barangipun bakalan boten diparingi barang kasebut.

1.10. Kriya Tanduk

Tabel 9 [32.a.] inggih “Om nyilih hpmu.” Menika gadhah tembung kriya tanduk /nyilih/. Amargi saking tembung /silih/ dados /nyilih/ (ny+silih). Tembung kriya menika kalebet tembung ingkang ndhapuk ukara *aktif*.

1.11. Kriya Tanggap

Tembung kriya tanggap menika ndhapuk ukara ingkang *pasif*. Ing *Tabel 9* [21.a.], “Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dinggo.” Miturut njawi *konteks* menika lare gadhah angen-angen ingkang inggil saha radi awrat dipunmangertosi. Ananging perkawis menika boten ing *konteks*-ipun, mawi tembung /dilebokke/. Menawi lare menika inggih saged ndhapuk tembung kriya tanggap ugi ukara *pasif*.

1.12. Katrangan

Tabel 9 [4.a.] “Uwis dadi cacing.”, tembung saking /uwis/ menika kalebet katrangan amargi lare matur lumantar ing *konteks* kasebut mawi dolanan (slime) kasebut sampun awujud rupa cacing.

1.13. Katrangan Kaanan

Tabel 9 [4.f.] “Adem.” Lare saged ngujaraken tembung katrangan kaanan.

1.14. Katrangan Wekdal

Lare kasebut matur “Suwe” ing *Tabel 9* [31.d.], amargi panaliti nyuwun persa ing lare kasbut mawi kapan mlebetipun sekolah.

Salajengipun lare menika matur tembung suwe ingkang saderengipun sampun matur ing *Tabel 9* [31.c.] “Anu tanggal wolu.”. Pramila tembung katrangan wekdal menika wonten kalih inggih /tanggal/ sarta /suwe/.

1.15. Katrangan Barang

Tabel 9 [15.a.] “Akehne.”, data menika ngandhet tembung /akehne/ inggih kalebet katrangan barang. Ing *konteks* lare kasebut obat nyamuk bakar kangge kajengipun boten cokoti nyamuk, lajeng nyuwun barang kasebut dipunkathahaken.

1.16. Katrangan Tumindak

Ing *Tabel 9* [10], “Orak?... Ning aku wani, kowe orak?” Katrangan kasebut nyatakaken mawi lare kasebut saged nantang panaliti ing dolanan tartamtu.

1.17. Panyambung

Ing *Tabel 9* [21.a.], “Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dinggo.” Tembung /terus/ kesbut nedhahaken jinis tembung ingkang gadhah guna ing nyambung tembung setunggal ing tembung senesipun supados ndhapuk ukara ingkang leres.

1.18. Panggandheng

Ing *Tabel 9* [21.a.], “Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dinggo.” Beda kaliyan panyambung, ing panggandheng menika gadhah katrangan tembung ukara kasebut ing nyatakaken makna tembung wingking kajengipun langkung cetha.

1.19. Panguwuh

Ing *Tabel 9* [21.a.], “Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dinggo.” Ing tembung /gek/ kasebut gadhah titikan aksèn basa daerah ingkang khas. Tembung kasebut namung kangge nyatakaken tembung ingkang wingkingipun dipuntegasi malih.

1.20. Wilangan

Wonten ing *Tabel 9* [36] “Lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, sewelas, dua belas, tiga belas, empat belas, lima belas.” Lare kasebut dipundhawuhi dening panaliti nyebut wilangan angka setunggal dumugi angka sakkersanipun lare kasebut anggen nyebut sampun dipunkuwaosi.

2. Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis

2.1. Fonologi

Saking asiling data dipunrekam menika gadhah titikan mawi lare menika tiyang Jawi ingkang lair ing tanah Jawi, tepatipun Kecamatan Baturetno, Kabupaten Wonogiri. Data menika dipunkedahaken lantaran lare menika saged ngolah utawi nguwasi bab *fonotatik, alofon, vokal rangkap, konsosnan rangkap.*

2.1.1. Fonotatik

Kaidah / tata aturan *fonotatik*-ipun ingkang saking saking *suku* tembung utawi silabe ingkang pisanan. Inggang sampun dipunkuwaosi ing *kaidah fonotatik* dening lare 4 taun antawisipun;

- **Fonotatik V** = aku /a-ku/, ora /o-ra/, iki /i-ki/, adem /a-dəm/,
emoh /ε-məh/, uwis /u-wIs/, ayo /a-yo/, enek /ε-
nek/
- **Fonotatik VK** = entuk /en-tU?/, əm /əmə/, əmpat /əmə-pat/
- **Fonotatik KV** = pengin /pe-ŋin/, mama /ma-ma/, he /he/, dadi
/da-di/, cacing /ca-ciŋ/, rusak /ru-sa?/, patah /pa-
tah/, salim /sa-lim/, ko /ko/
- **Fonotatik KVK** = gendhong /gen-dhəŋ/, tak /ta?/, takbalang
/ta?-ba-laŋ/, ben /bən/, tek /tek/, Nur /NUR/,
Bintang /Bin-taŋ/
- **Fonotatik KKV** = dhewe /dɛ-we/, swarane /s^wa-ra-ne/, ngene
/ŋe-ne/, lha /lha/, lho /lho/, nyilih /ñi-lIh/,
nyuwun /ñu-wUn/
- **Fonotatik KKVK** = ngentut /ngen-tut/, mbok /mbok/

Pramila lare menika paling kathah ngucap tembung miturut tata *fonotatik*-ipun ing *fonem* KV. *Fonem* KV amargi saking ditingal datanipun menika kathah saha, lare menika gampil ngucap tembung wiwitan konsonan lajeng vokal. Ing *fonem* KKVK menika ingkang sekedhik lantaran lare menika anggen ngucap menika arang saha *pamarolehing* tembung menika ugi nembe sekedhik. Mbok saking kaidah *fonotatik* ing basa Jawa wonten enem *kaidah*, mila bocah menika sampun cekap anggen basa.

2.1.2. *Transkripsi Fonetis saha Alofon*

Saking *transkripsi fonetis* ingkang nedahaken wonten ing alofon, tuladhanipun, “uwis” [uwIs] boten [uwis], “cacing” [cacIn] boten [cacinj], “entuk” [entU?] boten [entu?]. Saged mekaten, amargi *alofon* menika saged ngowahi babagan *bunyi* basa ingkang mliginipun lare menika mapan ing lingkungan sekitaripun (Mulyani, 2008 : 70). Amrgi lare menika ngangge *alofon* basa Jawa, kedahipun alofon ugi ketingal gamblang. Supados saged nedahaken fonem basa Jawi Tengahan (Jawa Tengah) kaliyan basa Jawi Kilenan (Perbatasan Jawa Tengah saha Jawa Barat ‘Jawa Ngapak’). Inggih leres anggen panaliti mriksani data menika wonten ingkang dipunpirsani amargi lare menika sampunawit cekap nguwaosi babagan *fonologi*-ipun.

2.1.3. *Asimilasi Progresif saha Konsonan Rangkap*

Wonten malih nemu babagan *asimilasi*, perkawis menika dipuntemokaken ing data kang awujud tembungipun *konsonan rangkap*. Ing mriki dipuntepangaken kaliyan wujud *asimilasi progresif*, tuladhanipun “swarane” [swarane]. Ing mriki *bunyi* basa utawi *fonem s konsonan* geseran *lamino-alveolar* dipunlajengaken ing fonem *w semi-vokal* labio-dental. Kadadean fonem s kaliyan w menika ndhapuk *konsonan rangkap* [sw], “swarane”. Mbok bilih menika kalebet *asimiliasi* menika *fonem s* tumut owah ing *bunyi* basa ingkang ing ngajengipun ing perubahan fonem. Saengga

nuwuhaken *letupan* bunyi basa ingkang medal saking [swa-ra-ne] boten [s-wa-ra-ne], prekawis menika kalebet *asimilasi progresif*.

Taksih wonten tembung “swarane” [swa-ra-ne] boten [swɔ-rɔ-ne] menika klentu ing *alofon*-ipun. Menawi ing tembung “uwis” [uwIs] boten [uwis], “cacing” [cacIɲ] boten [cacin], “entuk” [entU?] boten [entu?] menika leres. Kenging mekaten amargi *alofon*-ipun menika ing akhiran tembung menika wonten wuwuhan akhiran –e. Inggih menika kedah mlebet tata basa Jawi. Tata aturanipun inggih owahaken *bunyi* basa ananging boten owahaken teges saking temungipun piyambak.

Tembung “telus” menika saking tembung “terus” inggih kalih-kalihipun wonten sedaya ing *data*-nipun. Mluginipun lare menika taksih awrat anggen ngucap fonem [r] dados fonem [l], pramila menika arang anggen ngucap fonem [r] menika gembleng. Lare menika sampun ing tahap dununging tata basa, ingkang nguwaosi babagan ‘pelo’ ing mriki fonem [r] kirang jelas.

2.1.4 *Vokal Rangkap*

“Dilebuokne”, menika tembung saking [diləbuʷɔʔne] ing mriki wonten tembung ingkang ngandhet *vokal rangkap*. Saking data menika dipunpilah wonten vokal “uo”, maosipun [uʷɔ]. Prekawis menika lare nembe nyuwun barang utawi dolanan tartamtu ingkang saged dipunlebetaken ing hp, ananging gage utawi ‘gek ndang’ kedah dipunlebetaken. Saking cariyos kasebut saged dipunnalar

tegesipun menika sampun beda, utawi saged luiwh saking limrahipun. Tembung limrahipun [dilebɔkke] ‘dipunlebetaken’ dados >< [dilebuʷɔkke] ‘kedah dipunlebetaken’. Bandingan saking kalih tembung menika gadhah makna ingkang beda, ingkang setunggal menika gadhah makna ingkang biasa saha kaping tembung kalhipun gadhah makna ingkang saged boten saged kedah dipunlebetaken.

2.1.5. *Vokal Rangkap saha Camboran*

Tembung saking sub bab menika ingkang utama inggih *vokal rangkap* saha dipunlajengaken ngandhut jinis tembung camboran menika piremangan wonten ing wilayah ing sub bab *morfologi*. Jinis tembung menika mliginipun sampun kalebet jinis tembung kaanan. Mawi wonten mriki dipuncethakaken malih, dados jinis tembungipun camboran tembung kaanan. Jinis tembung kasebut ngandhet tembung ingkang gadhah wujudipun tembung kaanan /ora/ saha tembung kaanan /ana/.

Wonten mriki panaliti othak-athik gathuk ing prekawis menika saking tembung “orenek” [ɔrɛnɛ?] saking tetembungan /ora+ana/ [ɔra+ɔnɔ]. *Vokal rangkap*-ipun saged nedhahaken ing [a+ɔ] dados [ɛ], dadosipun vokalipun kados camboran ananging tetep maknanipun sami. Inggih menika lare saged mangsuli tembung menika amargi ing lingkungan papanipun menika asring mirengaken tetembungan kasebut.

2.2. *Morfologi*

Tembung-tembung ing data kathah ing wujud saha jinisipun saking tembung. Ing data menika wonten maneka warni wujud ingkang gadhah *afiksasi* utawi gadhah wuwuhan ingkang wujudipun ater-ater saha akhiran. Boten menika kemawon, taksih kathah kados camboran, dwilingga, wisesana, tanduk, tanggap, wantah, tandang, saha wancah. Saengga wujudipun gadhah daya pangaribawa dhateng jinis tembungipun. Jinis tembung ingkang wonten mriki inggih sesuluh (I, II, III, barang), aran, kriya, katrangan, wilangan, pambantu, pangandheng, panyambung, saha panguwuh. Pirembagan *morfologi* menika saged beta daya pangaribawa mawi lare menika sampun wasis saha mangertos anggen milih tembung-tembungipun trep saha leres ing kaanan sarta swasana kasebut ing *konteks*.

Salajengipun data menika kempalaken miturut wujud saha jinis tembungipun piyambak piyambak. Data kedah dipunpretalekaken, antawisipun:

2.2.1. **Wujud Tembung**

Wujud tembung menika gadhah maneka warni inggih saking lingga, lingga andhahan, andhahan, tanduk, tanggap, tanduk, camboran, wisesana, dwilingga, wancah, saha sapanunggalanipun. Wujud tembung adhedasar saking wujudipun tembung ingkang gadhah wujud tulen ingkang dereng wonten wuwuhan utawi ambalan. Sejatosisipun kathah menika, ananning dipunkempal dumugi

sekedhik kelompok anggen milah menika gampil. Lare menika saged menapa botenipun nguwaosi babagan *morfologi* tetembungan, ugi saged nguwasi salah satunggaling kalancaran babagan nguwaosi *sintaksis*-ipun. Supadus langkung gampil malih ing kempal ing *Tabel 9* wujud tembung-tembungipun babagan *morfologi* lare menika antawisipun:

- **Lingga** : aku, pengen, gendhong, emoh, uwis, dadi, cacing, entuk, rusak, *patah*, iki, ora, adem, salim, dadi, aduh, sakit, panas, polisi, jeruk, enak, pedes, wae, wani, kowe, padha, jeluk, *terimakasih*, Titi, Nur, Bintang, gumun, telus, dhewe, susu, om, apa, ameh, tuku, kaya, ngene, buka, roti, ana, enek, balon, wae, tanggal, wolu, suwe, Jogja, suwe, bali, ayo, *haus*, maem, lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, sewelas, *dua belas*, *tiga belas*, *empat belas*, *lima belas*, siji, telu, papat, sanga, *sebelas*, daturuwun/maturuwun, tenan, mobil, balap, montor [81]
- **Lingga andhahan** : miene, bajuke, akehne, cokoti, rotine, swarane, cokate, vidiyone, ome, hpmu, mamahku [11]
- **Andhahan** : gawekke [1]
- **Tanduk** : ngentut (ng-wantah), mambune (ke-kriya), nggah (wancah), nutup (wantah), nyilih (wantah), nyuwun (wantah) [6]

- **Tanggap** : digawekke (di-ke), dinggo (di-wantah), dilebokke (di-ke), dipeteni /dipateni/ (i+kriya) [4]
- **Tandang** : takbalang (dak-wantah), takkeki (dak-wantah), takparingi (i+kriya) [3]
- **Guna** : bukaken [1]
- **Camboran** : okeh (u+akeh), orenek (ora+enek) [2]
- **Dwilingga** : he-he, perang-perangan (wisesana) [2]
- **Wisesa-na** : ndolanan, dolanan , *mainan* [3]
- **Wancah** : ma, he, ra, wis, ning, kwe, ko, ben, tek, *makasih*, Ti, gek, a, hp, isa, hok oh, n, camata (kacamata), cakamata (kacamata), kok, o, lha, na, cokat, ki, lho, emm, mau, ughm, Tatang (dwiwasana), nek, pie, ulung, anu, urtnung (durung), yeh, tek, mbok, kwi, ki, ya, meh, Doja (Jogja), ta, Joja (Jogja) [46]

Data ing inggil menika lare kasebut nedahaken bilih wujud tembungipun ingkang asring dipunucap menika wujud tembung lingga saha nggih kaping kalih menika wancah ugi radi kathah. Tembung ingkang sekdhik medal menika wonten kalih wujud inggih wujud tembung andhahan saha guna. Pramila data menika kintenkinten lare sampun nguwaosi kalih tikel babagan tembung dhasar utawi lingga tinimbang wancahipun. Menawi lare taksih umur 3 taun menika taksih kathah anggen tembung wancah tinimbang tembung lingga.

Salajengipun pirembagan perkawis wujud tembung lumantar *Tabel 9* langkung wiyar malih dipunandharaken ing ngandhap kanthi cetha antawisipun:

2.2.1.1. Lingga

Awujud tembung ingkang tembung dhasar ingkang taksih tulen dereng pikantuk wuwuhan, *repetisi*, wancah saha sapanuggalanipun. Dipuntingali ing *Tabel 9* [1] “Aku pengin gendhong ma.” Tembung /Aku/, /pengin/, saha /gendhong/ kasebut wujud tembungipun sami sedaya inggih menika lingga.

2.2.1.2. Lingga Andhahan

Lingga andhahan ingkang awujud tembung lingga ingkang dipunwuwuhi. *Tabel 9* [15.b.] “Ben ra cokoti nyamuk.” Ing mriki *data* kasebut badhe maringi tenger ing tembung wonten garis ngandhap, /cokot+i/ amargi saking temung cokot menika lingga dipunwuwuhi panambang +i menika dados lingga andhahan.

2.2.1.3. Andhahan

Wonten ing *Tabel 9* [16] “Gawekke...!? Tek aku ra digawekke?” Amargi tembung /gawekke/ kasebut gadhah makna nandang padamelan ingkang saged madeg piyambak ukara, mawi ukara menika gothang. Kosok wangsulipun dipunpisah wuwuhan panambang +e menika dados /gawe/

menika boten saged madeg piyambak ugi dados wujud tembung lingga.

2.2.1.4. Tandang

Wujud tembung tandang kasebut awujud nindakaken padamelan ingkang gage dipuntandang dening ingkang ngejak pangandikan. *Tabel 9* [11] “Tak balan kwe, kowe ko tak balan kwe.” Data menika wonten tembung /tak balan/ kasebut mliginipun /tak balang/ ingkang lare taksih kirang cetha cara pangucapanipun. Amargi tembung lingga /balang/ angsal wuwuhan tandang /tak+/, dadosipun /tak+balang/.

2.2.1.5. Tanduk

Tabel 9 [18] “Ngentut hehe ngentut” gadhah tembung /ngentut/ asalipun saking tembung lingga /entut/ pikantuk wuwuhan tanduk /ng+/, dadosipun ndhapuk tembung /ng+entut/.

2.2.1.6. Tanggap

Ing *Tabel 9* [32.e.] “Dipeteni” gadhah wujud tembung /dipeteni/, amrih saged kemawon piyambak lare menika /dipateni/. Pikantuk wuwuhan tanggap /di+....+i/ saha tembung dhasar lingganipun /pati/. Supados tembung kasebut dados /di+pati+i/.

2.2.1.7. Guna

“Om bukaken! aku rung isa iki” saking kapundhut *Tabel 9* [26.a.] wonten tembung /bukaken/ mila amrih sami kaliyan tembung andhahan kadosta /bukakne/. Perkawis mriki gadhah makna ingkang sami ananging gadhah wujud tembung ingkang beda. Tembung /buka/ kasebut pikantuk wuwuhan /+en/, dados ndhapuk wujud tembung guna /buka+en/.

2.2.1.8. Camboran

Tembung /orenek/ saking *Tabel 9* [25] menika gadhah gabungan tembung saking /ora/ saha /enek (ana)/ pramila ing mriki wonten istilah gabungan utawi camboran /ora+enek/ dados /orenek/.

2.2.1.9. Dwilingga

Tabel 9 [34.b.] ngandharaken bilih “Peran-perangan.”, menika awujud tembung dwilingga –na, amargi mliginipun tembung lingga /perang/ menika pikantuk tata tembung *repetisi* utawi pengulangan sarta dipunwuwuhi wisesa-na /-an/. Inggang wujudipun mekaten /perang-perang+an/.

2.2.1.10. Wisesa-na

Tabel 9 [20.a.] kados mekaten, “A dinggo dolanan dilebokke neng hp, iki susu isa dilebuokke ning hp, gek terus dinggo mainan.” Ing *data* kasebut wonten kalih tembung

ingkang kalebet wujud tembung wisesa-na inggih antawisipun /dolanan/ saha /mainan/. Tembung-tembung kasebut pikantuk wuwuhan panambang /+an/.

2.2.1.11. Wancah

Salajengipun mendhet malih ing *Tabel 9* [20.a.] kados mekaten, “A dinggo dolanan dilebokke neng hp, iki susu isa dilebuokke ning hp, gek terus dinggo *mainan*.” Wonten perkawis wancah tembung ingkang saged dipunpedhet wonten /a/, /neng/, /isa/, /ning/, saha /gek/. Tembung ingkang dipunwancah menika mliginipun saking tembung lingga ingkang dipunprethel saupados dipunsingkat anangingi boten ganggu teges ingkang dipunkersakaken dening ingkang tiyang ndherek wicatenan.

2.2.2. Jinis Tembung

Sabibaripun pirembagan ing wujud tembung, samenika jinis tembung ingkang gadhah ancas ingkang jelas kangge nemtokaken tembung menika saged madeg piyambak menapa boten ing sintaksis. Mawi pirembagan kados *bagan* utawi isen-isen ndhapuk ukara. Jinis tembung kados nedahaken wonten pundi kemawon tembung menika ingkang prayogi ing *unsur frasa, klausa* saha ukara. Menawi ing tata ukara inggih saged wonten unsur jejer, wasesa, saha lesan sarta genepipun katrangan. Salajengipun menapa kemawon *unsur*-ipun

saking jinis tembung menika, antawisipun wonten aran, kriya, sesulih (I, II, III, saha barang), katrangan, kaanan, wilangan, panguwuh, pambantu, panggandheng, saha panyambung.

Data tembung lare saking *Tabel 9* menika sampun mlebet sedaya *kriteria* unsur jinisipun menika ing sub bab A.1. tembung-tembung ing lare 4 taun, lantaran sampun dipunjlentrehaken. Mawi ing mriki langkung rinci saha nggambang, antawisipun:

- **Sesulih I** (tiyang kaping setunggal) : aku, Bintang, Tatang [3]
- **Sesulih II** (tiyang kaping kalih): Mama, Titi Nur, Om, Mamahku [4]
- **Sesulih III** (tiyang kaping tiga) : polisi [1]
- **Sesulih dununging barang** : iki/ ki, kuwi, ngene [3]
- **Aran** : cacing, miene, jeruk, bajuke, nyamuk, dolanan, hp, susu, mainan, rotine kaca mata, swarane, vidiyone, balon, roti, coklat, hpmu, ese, mobil, montor, balap [21]
- **Kriya** : gendhong, dadi, tak, patenana, tuku, bukaken, buka, bali, ayo, maem, perang-perangan, paringi, pengin, ameh/meh [14]
- **Kriya Mawa Lesan** : cokoti, dilebokke, mambune [3]
- **Kriya Tanpa Lesan** : salim, gawekke, bukaken, dipeteni [4]
- **Kriya Tandang** : tak balang, tak keki [2]
- **Kriya Tanduk** : ngentut, nyuwun, nutup, nganggo, nyilih [5]
- **Kriya Tanggap** : digawekke, dinggo [2]

- **Katrangan** : padha, terimakasih/ makasih, uwis, ora, entuk, hok
oh, isa, apa, ana/ na/ enek, rung/ durung, pie, Jogja,
tenan, daturuwun/ maturnuwun [15]
- **Katrangan Kaanan** : adem, gumun, dhewe, rusak, patah, aduh,
sakit, panas, enak, pedes, *haus* [11]
- **Katrangan Wekdal** : tanggal, suwe, mau [3]
- **Katrangan Barang** : okeh/ akeh, kaya [2]
- **Katrangan Tumindak** : wani, emoh, nggah/ wegah, [3]
- **Panggandheng** : ning, sing [2]
- **Panyambung** : terus, ko [2]
- **Panguwuh** : nek, he, wae, ben, tek, hehe, gek, a, n, kok, o, lha, lho,
anune/ anu, em, *ughm*, yeh, mbok, ya, ta [21]
- **Wilangan** : lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, sewelas, *dua
belas, tiga belas, empat belas, lima belas*, siji, telu,
papat, sanga, *sebelas* [20]

Sanajan lare menika taksih umur 4 taun ananging sampun nguwaosi jinis tetembungan menika 20 jinis tembung, inggih menika sesulih I, sesulih II, sesulih III, sesulih dununging barang, aran, kriya, kriya mawa lesan, kriya tanpa lesan, kriya tandang, kriya tanduk, kriya tanggap, katrangan, katrangan kahanan, katrangan wekdal, katrangan barang, katrangan tumindak, panggandheng, panyambung, panguwuh saha wilangan. Saged dipunwastani malih

pirembagan jinis tembung ing BAB IV pasal (1) kasebut wonten andharan ingkang langkung cetha malih.

Dipuntingali saking limrahipun lare kasebut anggen wicantenan saha tumindakipun ngandharaken lare kasebut saweg nyinau bab pamarolihing tembung ingkang dipunserap, inggih miturut tata tembung saha gaya basanipun. Tembung saking lare kasebut cacahipun wonten 135 tembung ingkang medal saking piyambakipun wicantenan. Pramila lare kasebut cekap kathah mawi umur 4 taun saged ngucap maneka warni tembung.

Data menika dipunrembag langkung wiyar saha rinci menika nyabang ing jinis-jinising tembung. Data jinis tembung menika adhedhasar saking *Tabel 8* sarta andharan kanthi cetha ing BAB IV *pasal B ayat 1* amargi andharan mriki kedah rinci khususon jinis tembung. Mawi saderengipun ing *kelompok* tembung-tembung ing *Tabel 7* menika sampun dipuntingali ingkang taksih babagan waosan kanthi umum.

2.3. *Sintaksis*

Lare umur 4 taun menika sampun sekdhik-sekdhik wicantenan ukara ingkang taksih sederhana sanget utawi cekap. Ukara ingkang medal menika taksih awujud *klausa* saha *frasa*. Ingkang asring medal saking pangucapanipun lare awujud *frasa* saha ukara ingkang paling sederhana. Mawi mekaten inggih wonten ukara ingkang

sampurna, paling boten wonten wujud jejer dumugi katranganipun. Langkung malih inggih saged ndhapuk ukara *majemuk* utawi wonten pinten perangan-perangan *frasa* kasebut.

Wonten ing Tabel Data II ing nomer 1 inggih kadosta, ”**Aku pengin gendhong ma.**” Wonten tembung /aku/ ing mriki nedahaken jejer, /pengin gendhong/ menapa dipungabung? Inggih menika kalebet *frasa* ingkang ndhapuk kalih tembung mawi kasebut ugi wasesa ing setunggal gramatikal. Ing tembung /pengin-/ nedahaken jinising tembung pambantu. Wondene ukaranipun saged tegas, mbokbilih tanpa tembung kasebut saged, ananging boten ndhapuk *frasa* lantaran wasesa kemawon. Limrahipun jejer *klausa*-nipun tetep tembung /aku/, menawi /ma/ menika awujud lesan biasa. Pramila data transkripsi menika saged dipunsebataken ukara lantaran lare sampun saged ngucap ukara ing setunggal ambegan. Ukara “**Aku pengin gendhong ma.**”, inggih awujud **ukara deklaratif** mbok bilih ingkang ngandharakaken tumindak utawi padamelan. Saking mriki ketingal mawi lare menika badhe nyuwun tingkah laku kasebut samangke lare menika dipunturuti dening ibunipun.

2.3.1. Ukara Gothang, *Simpel*, Pepak, saha Majemuk

Wonten wujud-wujud ukara ingkang saged dipuntuweni wonten *Tabel 9* mbok bilih wujudipun maneka kathah warninipun. Wonten mriki saged manggihi ukara gothang utawi ukara boten ganep menika isinipun wonten menawi boten jejer inggih wasesa

kemawon. Inggang kaping kalih wonten ukara *simpel* utawi sederhana menika ukara mawi pandhapuking ukara menika wonten unsur inggang kedah samektakaken inggih jejer saha wasesa. Kaping tiga, ukara pepak utawi sampurna menika ukara inggang wonten unsur jejer, wasesa, saha lesan ananging inggih wonten unsur panganep inggih katrangan. Inggang kaping sekawan menika ukara majemuk inggih ukara kalebet camboran inggang wonten separangan ukara inggang wonten *induk* ukara saha anak ukara, ananging anak ukara menika boten kalebet ukara enggal namung kangge ngandharaken bagian unsur ukara inggang dipuncethakaken.

Data menika dipunmangertosi babagan wujuding ukara langkung cetha malih dipunandharaken ing ngandhap, antawisipun:

2.3.1.1. Ukara Gothang

Kapendhet saking *Tabel 9* [3] “Emoh.”, [6.b.] “Mie-ne.”, [8.a.] “Polisi.”, [16] “Gawekke...!? Tek aku ra digawekke?” inggih data menika inggang pikantuk serat garis ngandhap menika kawastanan ukara gothang. Sebab tembung /emoh/ awujud unsur wasesa, tembung /mie-ne/ menika jejer, tembung /polisi/ menika jejer saha tembung /gawekke/ menika awujud unsur wasesa. Pramila tembung-tembung kasebut saged madeg piyambak amargi gadhah gegayutan kaliyan *konteks*-ipun piyambak salebeting *data* wicantenan.

Sejatosipun gothang menika boten ukara ingkang mesthi ananging inggih kemawon kalebet ukara ingkang boten sampurna.

Dadosipun lare menika saged nguwaosi babagan ukara gothang mawi ingkag dipunucapakaken bilih saged nemtokaken tembung saperlunipun. Dumugi tiyang ingkang ndherek wicantenan kasebut saged mangertosi menapa dene ingkang dipunkersakaken lumantar wicantenan saking lare menika.

2.3.1.2. Ukara *Simpel*

Ukara *simpel* saged sinebut ukara ganep ingkang saged dipunpanggihi ing *Tabel 9* [26.a.] “Om bukaken! Aku rung isa iki.” Tembung /om/ menika kalebet unsur jejer saha tembung /bukaken/ kalebet unsur wasesa. Sebab data menika ngandhet kalih ukara ingkang gadhah gayut ukara setunggal kaliyan ukara kalhipun. Pramila menika saged dados ukara majemuk, ananging wonten pambada intonasi ucap ing wicantenan menika. Pramila paniliti saged ngrancangaken menawi saking mirengaken data kasebut tuwuh ukara *modus imperatif*, ingkang nyatakaken menika ukara pakon.

2.3.1.3. Ukara Pepak

Ukara pepak utawi ganep pepak ing *Tabel 9* [26.a.] “Om bukaken! Aku rung isa iki.” Inggih tembung /aku/

kasebut gadhah wujud unsur jejer, tembung /rung isa/ menika kalebet *frasa* ingkang gadhah unsur wasesa, saha ing tembung /iki/ menika *unsur*-ipun awujud lesan sarta jinis tembung sesulih barang ingkang miturut *konteks data* wetah, lare nyuwun tulung dipunbikakaken. Sesulihipun ngandharaken babagan mbikak lodhong toples. Salajengipun Mawi dipungabung ukara kasebut dados ukara majemuk, ingkang gadhah makna saha teges ingkang sami.

2.3.1.4. Ukara Majemuk

Taksih mendhet ing *Tabel 9* [26.a.] “Om bukaken! Aku rung isa iki.” *Data* kasebut wonten kalih ukara inggih mawi dipungabung gadhah gayut bilih ukara /om bukaken/ kasebut awujud ukara induk ingkang dhasar perkawis wiwit, salajengipun ukara wingking kaping kalih menika awujud anak ukara mawi ngandharaken bilih kadhapuk ukara *pengembang kangge penjelas* tumrap perkawis kasebut.

Tembung /iki/ kasebut saking sesulih barang awujud toples ingkang nyuwun dipunbikakaken dhateng panaliti dening lare kasebut. Kanthi lare kasebut badhe mbikak toples lumantar ing *konteks* wonten tanda *markah* penthung (!), lajeng wonten intonasi beda ing antawis kalih ukara kasebut.

2.3.2. Jlentrehan Ukara-ukara saking *Tabel 9*

Salajengipun ukara ingkang ngandhet unsur *deklaratif*, *interogatif*, saha *imperatif* saweg dipunrembag. Kersanipun boten rancu inggih langkung wiyar malih. Adhedhasar saking *Tabel Data 2* ingkang babagan sintaksis ingkang ngandhet unsur saged dhapuk ukara *deklaratif*, *interogatif*, saha *imperatif* inggih menika: (Adhedhasar urutan nomer *data Tabel 9*)

- 1) {1}“**Aku pengin gendhong ma.**” Ukara menika ngandhet /aku/ menika jejer, /pengin gendhong/ menika *frasa* kalebet unsur wasesa, /ma/ menika lesan. Ukara menika ngandhet ukara *modus desideratif* utawi panyuwunan ingkang jejer menika gadhah kekarapan nyuwun tingkah laku inggih menika gendhong dhateng lesan (ma). Ukara menika mlebet ukara ganep ingkang wonten jejer, wasesa dipuntambahaken tembung pambantu, sarta lesan. Data kasebut wedhar gagasan ukaranipun menika panjaluk.
- 2) {2}“**Gendhong he..., gendhong ma gendhong.**” /gendhong he/ menika kalebet *klausa* ingkang supados nyuwun tumindak tanpa nutur asmanipun ingkang dipuntuturi. Lajeng *frasa*-nipun pikantuk /gendhong ma/ ingkang dipuntambahaken *repetisi* tembung wetah /gendhong/ nedhahaken pakon saking lare menika malah saged kalebet ukara *imperatif*. Amargi ing ukara menika ngandharaken wasesa-lesan ingkang mawi dhapuk ukara camboran. Ancas saking ukara menika nedhahaken salah

satunggaling '*keharusan*' nyuwun gendhong. Pramila menika boten wonten *penekanan intonasi* utawi tanda markah penthung (!) '*seru*'. Data menika ngandhet wedhar gagasan ukara panjaluk.

3) {4.a.}“**Uwis dadi cacing.**” Ukara menika ingkang dipunwiwiti dening jinis tembung katrangan ingkang mratelakaken nyatakaken kaanan tumindak /uwis/ dados inggih tetep katrangan satuan gramatikalipun. Wondene /dadi/ menika sejatosipun katrangan ingkang nyatakaken tumindak dununging barang, ananging menika malah langkung *condhong* dhateng jinis tembung kriya ingkang nyatakaken kaanan barang, mekaten *satuan gramatikal* dhumateng wasesa, amargi tumindaking barang. Salajengipun /cacing/ menika kalebet *satuan gramatikal* lesan. Ukara menika inggih datar ing *intonasi* saha *informatif* ugi kalebet ukara *deklaratif* mawi unsur ingkang ukara ganep saha katrangan. Data ngandhet ukara cariyos ing wedharing gagasan.

4) {4.b.}“**Ra entuk, wis dadi.**” Kalebet ukara *negatif* saha gadhah unsur ukara camboran sungsun, dipuntingali saking jinis tembungipun /ra/ kaliyan /entuk/ pratanda tembung katrangan ingkang nedhahaken kaanan pikantuk saged menapa boten. Menawi /wis/ menika kalebet jinis tembung kaanan dununging tumindak, saha /dadi/ kalebet tembung kriya kaanan barang inggih *satuan gramatikal*-ipun wasesa. Amargi ukara menika nyariosaken lare menika gadhah barang menawi panaliti badhe

ngampil salah satunggaling barang ingkang dipunbeta dening lare menika, ananging lare menik boten angsal saha saderengipun dereng dados. Sabibaripun menika dados barang, barangipun barang dolanan lare alit '*slime*'. Data menika gadhah pawedharing gagasan ing ukara cariyos.

5) {4.d.} "***Patah iki.***" Tembung ing ukara, /*patah*/ 'tugel' kasebut ngandhut jinis tembung kriya dununging kaanan barang ingkang awujud *satuan gramatikal*-ipun wasesa. Lajeng /*iki*/ jinis tembungipun sesulih ingkang nyatataken dununging barang ing mriki dhapuk bagan ukara jejer. Amargi ukara kasebut mratelakaken kaanan barang wonten mriki, mila dipunsebat ukara *deklaratif*. Ugi kalebet unsur ukara ganep. Amargi wonten wasesa saha jejer ing setunggal ukara menika. Wonten ing wedharing gagasan menika ukara cariyos.

6) {5} "***Wis, wis salim.***" Tembung-tembung menika menawi dipundhapuk dados ukara ngasilaken ukara *deklaratif* ingkang gadhah unsur ukara boten ganep.. Mawi lare kasebut nyatakaken sanjang sampun nindakaken salim 'salaman tangan'. Panaliti inggih ngetes lare kalawau, menapa kesupen boten saweg salim kaping kalih malih. Wondene lare boten kesupen, ananging matur sampun salim malih. Kalebet ukara cariyos ing pawedharing gagasan.

- 7) {6.a.}“**Wis dadi?**” Ukara kasebut kalebet ukara *interogatif* utawi mlebet unsur ing ukara pitakon, amargi lale menika nyuwun pitedah menapa ingkang dipunkersakaken sampun dados menapa dereng dununging barang. Lantaran ukara pitedah menika sederhana sanget ugi saged dipunmangertosi dening lale saha tiyang sanes ingkang dipunajak wicantenan. Ukara cariyos saking data menika adhedhasar wedharing gagasan.
- 8) {9.a.}“**Iki wae.**” Tembung /iki/ kalebet unsur jejer jinisipun tembung sesulih ingkang mratelakaken barang ing cerakipun ingkang nutur menika. Salajengipun tembung /wae/ awujud perangan wasesa ing nyatakaken kaanan samenika, inggih kalebet perangan wasesa. Kalebet ukara *deklaratif* mliginipun wujudipun saking kawontenanipun jejer saha wasesa menika ukara ganep. Dipuntingali saking wedharing gagasan menika ukara ngandharaken gagasan.
- 9) {10}“**Orak?.. Ning aku wani, kowe orak?**” Ukara menika ngandhet katrangan /orak/ saha panggandheng /ning/. Jejer /aku/, wasesa /wani/, saha lesan /kowe/. Nuwuhaken ukara ingkang ganep sarta wedaring ukara menika camboran-pitakon. Wonten *modus* ukaranipun kalebet *interogatif*. Nyarios lale menika badhe jarag saha ‘kemalan’ dhateng panaliti ingkang nembe main dolanan *Playstation*. Adhedhasar wedharing gagasa ukara menika pitakon.

- 10) {11}“**Tak-balan kwe, kowe ko tak balan kwe.**” Saking mriki wonten tembung kriya tandang /takbalang/ ingkang tulen menika [ta?balan] ingkang nunjukaken wasesa, saha lesan inggih /kowe/. Ukara menika boten ganep menawi jejeripun menika boten wonten. *Modus*-ipun kalebet ukara *deklaratif*. Kalebet gagasan ngandhet ukara prajajni.
- 11) {15.b.}“**Ben ra cokoti nyamuk.**” Cariyosipun lare menika nyuwun obat nyamuk ingkang nyuwun kathah supados boten ragu anggen dipunrubung saking nyamuk. Ukara menika ukara boten ganep. Amargi saking wujud tembung /cokoti/ menika boten dhapak tanggap. Pramila menawi tembung menika tanggap, tembung /nyamuk/ menika saged dados jejer. Ananging kaanan tembungipun kedah lesan. Sarta wasesanipun tetep /cokoti/ saha /ben ra/ menika katrangan pambantu. *Data modus* menika ukara *negatif* saha babagan wedharing gagasan menika kalebet ukara cariyos.
- 12) {16}“**Gawekke...!? Tek aku ra digawekke?**” *Modus*-ukaranipun *interogatif*. Wujudipun ukara menika boten ganep saha ganep. Ukara boten ganep menika namung ngandhet wasesa kemawon. Salajengipun ukara ganep wonten jejer /aku/, wasesa /ra digawekke/ saha pambantu /tek/. Cariyosipun lare menika mangertosi panaliti saweg ndamel ‘mie ing gelas’, pungkas lare

menika meri saha nyuwun dipundamelaken. Ukara menika gagasanipun saking ukara pangarep-arep.

13) {17.b.}“**Makasih Ti.**” Ukara boten ganep menika namung wonten *frasa* ingkang isinipun tembung wasesa /*makasih*/ saha lesan /*Ti*/. Mawi ukara menika gadhah *modus deklaratif*. Kelebet ukara cariyos miturut wedharing gagasan.

14) {18}”**Ngentut hehe ngentut.**” Ukara menika ukara ingkang boten ganep amargi ngemut wasesa /*ngentut*/ kemawon. Wasesanipun menika adhedhasar *penegasan*. Menawi ing mriki sejatosipun inggih penegasan tembung ananging ukara menika nedhahaken *amodus- deklaratif*. Salah satunggiling ukara cariyos miturut wedharing gagasan.

15) {19}”**Ak ra gumun, gek telus petenana dhewe.**” Data menika ngandhet *modus* ukara *negatif*. /*ak*/ mliginipun [aku] menika jejer, ra /*wasesa*/, saha gumun /*lesan*/. Inggih wonten ukara *majemuk* unsuripun /*gek telus*/ dados [gek terus] menika panyambung, /*petenana* / wasesa saha lesan /*dhewe*/. Cariyosipun lare menika nembe main *Playstation* boten gumunan, ananging inggih kajengipun lare-lare mrintah ngaken mateni *Playstation* dhateng sanesipun. Data menika miturut pawedharing gagasan inggih menika ukara cariyos.

16) {20.a.}“**A dinggo dolanan dilebokke neng hp, iki susu isa dilebuokke ning hp, gek terus dinggo mainan.**”

{21.a.} “Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dingo.” **{21.b.}** “Ndolanan gek terus dilebokke neng hp, gek terus dolanan aku.” Pirembagan ing data {20.a.}, {21.a.}, saha {21.b.} kalebet ukara *deklaratif* sedaya. *Modus* ukaranipun genep . ananging ingkan beda menika ukara tanggap menika wonten data nomer {20.a.} saha ukara tandukipun ing nomer {21.a.}, saha {21.b.}. Cariyosipun sami. Ananging lare menika saged ndagel ing kadosta intinipun unjukan susu dipunlebetaken ing *smarthphone* lajeng dingge dolanan. Sami-sami ukara cariyos menawi mituru wedharing gagasan.

17) **{22.a.}** “**Om ra takkeki rotine.**” Ukara menika kalebet ukara ganep, *unsur*-ipun wonten jejer /Om/, wasesa /ra takkeki/, saha lesan /rotine/. Saking wedaring gagasan menika ukara cariyos saha ukara *negatif*.

18) **{22.b.}** “**Om tak n tak rotine.**” Ukara menika boten ganep, amargi *frasa* /tak n tak/ menika *ambigu* boten cetha ananging tegesipun frasa ing wasesanipun sami kaliyan data 22.a. Kelebet wedaring gagasan ukara cairyos saha *modus*-ipun *negatif*.

19) **{23}** “**Kowe apa ameh tuku camata kaya ngene iki?**” Data ukara menika ningali saking wujudipun ukara ganep *modus*-ipun *interogatif*. Mawi jejer /kowe/, wasesa /apa ameh tuku/, lesan /camata/, saha /katrangan kaya ngene iki/. Sarta adhedhasar ukara menika ngandhet ukara pitakon.

- 20) {24} “**Apa ameh tuku cakamata kaya ngene iki?**” Ukara menika kalebet ukara pitakon ing wedharing gagasan. *Modus-ipun* ukara *interogatif* saha dipuntingali saking wujudipun wasesanipun ukara boten ganep. Amargi jejeripun boten wonten, ingkang ketingal namung wasesa /tuku/ saha lesan /cakamata/.
- 21) {25} “**Iki kok orenek swarane? O lha. anggo iki kok.**” Ukara pitakon salajengipun pakon. Ingkang ketingal cetha inggih ukara *interogatif* saha wedhar wujud jejer gayut wasesanipun kalebet ukara ganep. Jejer menika /iki/, wasesa menika /orenek/, saha lesan menika /swarane/.
- 22) {26.a.} “**Om bukaken! aku rung isa iki**” Ukara menika miturut wedharing gagasan inggih ukara pakon, menawi *modus-ipun* ukara *imperatif*. Ukara menika ketingal cetha jejeripun saha wasasenipun ugi saged dipunsebut ukara ganep. Salajengipun ingkang pungkasan ukara menika *deklaratif modus-ipun* ukara saha wedharing gagasan ukara menika cariyos. Ugi kalebet ukara ganep. Ananing saking kalih ukara menika kalebet ukara majemuk, ukara kaping setunggal menika kalebet nyuwun bukakaken tutup *toples* cariyosipun, lakeng ukara kalih kaping menika nyatakaken lare menika dereng saged bukak tutup *toples* kasebut.
- 23) {26.b.} “**Bukak iki roti!**” Ukara menika ukara pakon miturut wedharing gagasan saha miturut *modus-ipun* menika ukara

imperatif. Ukara menika kirang langkung boten ganep, amargi boten wonten tembung ing ukaranipun ingkang nuwuhaken unsur jejer. Supados lare menika negasaken data {26.a.} lumantar saking data {26.b.} kasebut.

24) {27.a.} “**Na cokate.**” Ukara menika ngandhet ukara *dekalaratif* saha ing babagan wedharing gagasan ngandhet ukara pangarep-arep. Saha ing wewujudanipun ukaranipun saking pandhapuking ukara menika boten ganep.

25) {27.b.} “**Kok ora ana cokate?**” Ukara menika menawi data {27.a.} dipuntambahaken tembung *frasa* /kok ora./ dados ukara *interogatif* saha wedharing gagasan ngandhet pitakenan. Pandhapuking ukara menika taksih boten ganep amargi nyariosaken lare menika nyuwun roti, ananging rotinipun boten wonten ingkang naminipun coklat.

26) {28} “**Aku pengin sing gosyong, sing enek cokat.**” Ukara *desideratif* ing data kasebut sarta data ngandhet ukara panjaluk. Sarta pandhapuking ukara menika ngandhet unsur jejer saha wasesa, mila ukara ganep ing data kasebut. Salajengipun tembung /sing gosyong/ menika gadhah ukara (*anak kalimat*) ingkang terusan inggih *frasa* /sing enek cokat/ mawi ing mriki dipunanggep ukara *majemuk*.

27) {29.a.} “**Ki lho mambune kaya balon.**” Data menika kalebet ukara ingkang ganep saha ngandhet unsur ukara tanduk ing

tembung wasesanipun /m+ambune/. *Modus*-ipun data kasebut ukara *deklaratif* saha wedharing gagasan menika ukara cariyos. Cariyosipun lare mnika ngandharaken bilih ingkang dipunwastani ‘mambune kaya balon’ menika dolanan naminipun ‘*slime*’.

- 28) **{29.b.} “Nggah! Kowe wae!”** *Data* menika terusan saking *data* **{29.a.}** ingkang nyariosaken paniliti ngaken lare menika mambu dolananipun, pungkas lare menika mangsuli mekaten. Ukara wangsulan menika wedharing gagasan menika pakon. *Modus*-ipun ukara *deklaratif* sarta kalebet ukara boten ganep mbok bilih jejeripun boten wonten.
- 29) **{30.a.} “Anune... emm... vidiyone ki mau?”** **{30.a.} “Vidiyone ki mau lho!”** *Data* kalih menika gadhah teges sami. Ukara kalihin menika inggih ukara ingkang boten ganep. Wedharing menika ingkang beda, mawi *data* **{30.a.}** menika ukara pitakon (*interogatif*) sha *data* **{30.b.}** menika ukara pakon (*imperatif*).
- 30) **{30.c.} “Ughm Tatang (Bintang) nek vidiyo.”** Ukara menika mratelakaken bab ukara ganep ing pandhapuking ukara. Saha pretelan saking gagasan menika inggih lantaran panjaluk. *Modus*-ipun *deklaratif* ukara kasebut.
- 31) **{31.a.} “Ome nutup pie iki?”** Ukara menika kalebet ukara ganep, mawi saking jejer /Om/ saha wasesa /nutup, sart lesan /iki/ ingkang mratelakaken lare menika ngasta *toples*. Ukara menika

dipuntingali saking wedharing ukara menika panjaluk sah ing *modus-ipun* kalebet *interogatif*.

32) {32} “**Anu tanggal wolu.**” *Data* menika gadhah ramtaman inggih wedharing gagasan menika ukara cariyos, *modus-ipun* inggih *deklaratif*, saha oandhapuking tembung menika boten ganep, inggih namugn lesan kemawon.

33) {32.a.} “**Om nyilih hpmu.**” Ukara menika dhapuk ukara ganep. Ukara *desideratif* mawi menika nyuwun ngampil barang saking tiyang sanes. Saha wedharing gagasan menika tanduk-panjaluk.

34) {32.b.} “**Nyilih hpmu.**” *Data* menika sami kaliyan {32.a.} ing wedharing gagasan saha *modus-ipun*. Ananging ingkang beda menika babagan pandhapuking tembung boten wonten jejeripun /om/, inggih menika ukara boten ganep.

35) {32.c.} “**Kowe, apa urtnung bali ning Jogja?**” *Data* menika kalebet ukara ganep, *modus-ipun* ukara *interogatif*, saha wedharipun gagasan menika ukara pitakon. Mliginipun lare menika sampun saged tanglet mekaten, “ Kowe apa urung bali ning Jogja?” Inggih dipuntenger menika tesih wonten tembung /urtnung/ kirang cetha.

36) {33} “**Nyuwun es e, haus.**” Kalebet ukara boten ganep, jejeripun boten wonten. Wondene lare menika saged *implikasi* mbok bilih kroas ngelak, ananging lare menika tanggap nyuwun

es. Ukara *desideratif* (*modus* ukara) saha ukara panjaluk (gagasan ukara).

37) {38.b.} “**Yeh tek mbok maturuwun? kwi ki mamahku.**”

Ukara menika sakign pandhapuking ukara cariyos, *modus*-ipun *deklaratif* saha pandhapuking ukara boten ganep.

38) {39.a.} “**Om aku rung isa.**” Ukara menika miturut

pandhapuking ukara ganep. *Modus*-ipun *negatif*, saha wedharing gagasan menika ukara cariyos. Nyariosaken babagan lare menika dereng saged dolanan balapan ing *data* {39}.

39) {41} “**Om kowe meh ning Jogja, nek ora,...?**” Ukara menika

miturut *modus*-ipun ukara *interogatif*. Saha pandhapukipun ukara menika ganep, sarta wedharing gagasan ukara menika pitakon.

40) {42} “**Om kowe meh neng Doja ta? A nek ora ning Joja ora**

tak paringi mainan.” Ukara menika ngandhet ukara *majemuk*.

Ukara miturut pandhapuking ukara kaping setunggal menika ganep saha kaping kalih menika ganep. Miturut wedharing

gagasan kaping setunggal menika ukara pitakon saha ukara

kaping kalih menika prajanji, amargi wonten *sebab-akibat*.

Menawi boten dhateng Jogja, badhe diparingi mainan dening

bocah kasebut. Inggih menika sged kemawon kosok wangslipun

ugi mekaten. *Modus*-ipun ukara kaping setunggal menika

interogatif saha ukara kaping kalih menika ukara *negatif*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar saking asiling saha pirembagan panaliten ingkang dados wosing perkawis ing *studi kasus pemerolehan* tembung lare 4 taun ananda Syah Bintang Ramadhan wonten ing ing Duwet Kidul, RT 02/XV, Baturetno, Wonogiri menika sampun nyekapi anggen perkawising panaliten ing tembung-tembungipun, *fonologi*, *morfologi*, saha *sintaksis*-ipun. Perkawis-perkawis menika wonten peranganipun piyambak, ing tembung-tembung menika lare sampun nguwaosi babagan tembung saha *kaidah fonotatik*-ipun sampun lancar saha cetha. Amrih wonten ingkang taksih kirang cetha, pramila panaliti inggih utawi tiyang sanes sampun mangertosi menapa ingkang dipunkersakaken dening lare menika. Saha lare menika sampun nguwaosi tembung-tembung ingkang cacahipun 135 tembung. Mbok bilih saking tembung-tembung wonten ingkang tikel pangucapanipun, menawi mekaten inggih langkung saking *prakiraan hipotesis* jumlah kasebut.

Menawi ing *fonologi* lare menika sampun mlebet sedaya ing kaidah *fonotatik* ing basa Jawi. *Kaidah fonotatik* sedaya wonten enem jinis ingkang beda-beda ing *silabe* kasebut. Cara pangucapanipun inggih sampun leres miturut tata tembung basa Jawi. Saking tembung dipuntingali kanthi *fonetis* mawi lare kasebut saged dipuntepang saking pundi asalipun adhedhasar pangucapan *fonem vokal* saha *konsonan* sarta *aksen* saking Jawa Tengah. Wonten tembung saperangan ingkang tesih kirang cetha saha wonten

campuran basa Indonesia. Inggih dipunmaklumi lare 4 taun menika taksih nyerap basa-basa.

Ing babagan *morfologi* menika lare menika sampun saged ngandhaharaken tembung-tembung ingkang wujudipun lingga, andhahan, tanduk, tanggap, tandang, wisesa, wilangan, saha wancah ingkang taksih asring. Pramila makna ingkang dipunujarakaken sampun dipunngertosi dhateng lawan wicantenan tiyang sanes. Saha jinisipun inggih sampun wonten aran, sesulih, kriya, wilangan, pambantu, panggandheng, panyambung, saha ingkang kathah menika panguwuh. Salah satunggaling daya panagribawa panguwuh menika logat lare menika dipuntepang dening tiyang sanes, mliginipun saking daerah njawi Jawa Tengah.

Salajengipun perkawis *sintaksis* lare kasebut miturut pandhapuking ukara antawisipun sampun nguwaosi ukara ganep saha ukara boten ganep. Ukara miturut wedharing gagasan menika inggih menika cariyos, panjaluk, pangarep-arep, prajanji, pitakon, saha pakon. Dipuntingali saking sipatipun uakara lare saged wicantenan ing ukara *deklaratif*, *imperatif*, saha *interogatif*. Boten namung ukara ingkang ganep kamawon, lare kasebut inggih nguwaosi ukara *majemuk* mawi setunggal ujaran utawi setunggal ambegan menika saged ngucap ukara *deklaratif* lajeng *interogatif*, *interogatif* lajeng *imperatif*, *deklaratifi* lajeng *imperatif*, menapa dene saged *deklaratif* sarta *deklaratif* ing setunggal ing *percakapan*.

Lare Syah Bintang Ramadhan ing umur 4 taun 4 wulan menika sampun kalebet Tingkat Wasis Basa Jangkep antawis umur 4 - 5 taun, menawi sedaya taksih ngangge basa Jawi ngoko lugu.

B. Implikasi

Panaliten babagan *studi kasus psikolinguistik* menika awujud kangge nyatakaken *perkembangan* lare menika kados pundi mawi nguwaosi babagan tembung saha ukara ing umur 4 taun. Ugi ancas panaliten saged kangge masyarakat ingkang lare umur semanten nedahaken wawasan saking tiyang cerakipun kangge wasis pinter basa. Asiling panaliten saged kangge tanda mawi basa lare ing daerah Baturetno, Wonogiri, Jawa Tengah gadhah titikanipun piyambak. Supados kangge *data* bandingan kaliyan panaliten sanesipun saha *perkembangan* panaliten langkung wiyar malih. Ugi pungkasan saged kangge pawiyatan ing ndalemipun piyambak ingkang gdhahe lare umur 0 dumugi 5 menika taksih wekdal ingkang penting sarta prayogi dhateng lare badhe wasis nguwaosi bab basa ingkang miturut daerahipun piyambak-piyambak.

C. Pamrayogi

Panaliten kasebut gadhah mupangat ingkang prayogi awit lare menika kados pundi pikantuk basa Jawi ingkang sae. Babagan basa lare menika saged risak saha awrat anggen ngucal ingkang leres supados lare menika saged mangertosi bab tata basa sarta basa Jawi boten luntur. Ugi basa sanesipun

sami kaliyan pamrayogi panyerat. Asiling panaliten daya pangaribawa *secara langsung* gadhah mangertosi babagan basa lare 4 taun. Lumantar saking wosing panaliten kasebut, nuwuwhaken asiling panaliten ingkang kathah saha wiyar ingkang dipunmagertosi utawi babagan ingkang dereng dipunmangertosi. Daya pangaribawa asiling panaliten kanthi boten *langsung* saged kangge pathokan lare menika nguwosi menapa boten bab basa Jawi ingkang basa *Ibu* lare kasebut. Amargi lare samenika inggih dangu-dangu boten remen kaliyan basa *Ibu* utawi basa daerah ingkang mengkugati titikan basa lokal tulen lare kasebut. Pramila panaliten menika inggih tumrap kangge kulawarga ingkang sampun gadhah keng putra lumantar basa *Ibu*.

KAPUSTAKAN

- Antunsohono. 1956. *Paramasatra Djawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing.
- Arifin, Z. dan Junaiyah. 2008. *Sintaksis*. Jakarta: Grasindo.
- Chaedar, A. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Chaer, A. 2008. *Morfologi Bahasa Indonesia Pendekatan Proses*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, A. dan Leonie A. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Dardjowidjojo, S. 2014. *Psikolinguistik Pengantar Pemahaman Bahasa Manusia*. Yayasan. Jakarta: Pustaka Obor Indonesia.
- Freeman, J. dan Utami M. 2001. *Cerdas dan Cemerlang: Kiat Menemukan dan Mengembangkan Bakat Anak 0-5 Tahun*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Iskandarwassid dan Dadang S. 2008. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Mulyani, S. 2008. *Fonologi Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.
- Muslich, M. 2010. *Fonologi Bahasa Indonesia: Tinjauan Deskriptif Sistem Bunyi Bahasa Indonesia*. Jakarta: Bumi Aksara.
- Parera, J. D. 1988. *Sintaksis*. Jakarta: Gramedia.
- Ramlan, M. 1985. *Sintaksis*. Yogyakarta: C.V. Karyono.
- Shochib, M. 2000. *Pola Asuh Orang Tua: Dalam Membantu Anak Mengembangkan Disiplin Diri*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Sudaryanto, dkk. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suhartono. 2005. *Pengembangan Keterampilan Berbicara Anak Usia Dini*. Jakarta: Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Direktorat Pembinaan Pendidikan Tenaga Kependidikan dan Ketenagakerjaan Perguruan Tinggi.
- Supriyadi. 2014. *Sintaksis Bahasa Indonesia*. Gorontalo: UNG Press. repository.ung.ac.id/get/karyailmiah/221/Sintaksis-Bahasa-Indonesia.pdf, dipunundhuh rikala tanggal 07 Juni 2017.
- Tarigan, H. G. 1985. *Psikolinguistik*. Bandung: Angkasa.
- _____. 1988. *Pengajaran Morfologi*. Bandung: Angkasa.
- _____. 1988. *Pengajaran Pemerelohan Bahasa*. Bandung: Angkasa.
- Tim TAS Jurusan. 2015. *Panduan Tugas Akhir TAS/ TABS*. Yogyakarta: FBS UNY.
- Uhlenbeck, E. M. 1982. *Kajian Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Djambatan.
- Verhaar, J.W.M. 2016. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

LAMPIRAN

Tabel 8: Analisis Kaidah Fonotatik Tembung, Jinis Tembung, saha Cacahipun Tembung

No.	Tembung/ Data	Kaidah Fonotatik Tembung		Jinis Tembung	Cacah
		Wetah	Silabe Kaping Setunggal		
1	Aku	VKV	V	sesulih I	8
2	pengin	KVKKVK	KV	kriya	2
3	gendhong	KVKKKVKK	KVK	kriya	3
4	Mama	KVKV	KV	sesulih II	2
5	he	KV	KV	panguwuh	1
6	emoh	VKVK	V	katrangan tumindak	4
7	uwis	VKVK	V	katrangan	6
8	dadi	KVKV	KV	kriya	3
9	cacing	KVKVKK	KV	aran	2
10	ora	VKV	V	katrangan	12
11	entuk	VKKVK	VK	katrangan	1
12	rusak	KVKVK	KV	katrangan kaanan	1
13	<i>patah</i>	KVKVK	KV	katrangan kaanan	1
14	iki/ ki	VKV / KV	V	sesulih barang	14
15	adem	VKVK	V	katrangan kaanan	1
16	salim	KVKVK	KV	kriya tanpa lesan	1
17	miene	KVVKV	KVV	aran	1
18	aduh	VKVK	V	katrangan kaanan	1
19	sakit	KVKVK	KV	katrangan kaanan	1
20	panas	KVKVK	KV	katrangan kanaan	2
21	polisi	KVKVKV	KV	sesulih III	1
22	jeruk	KVKVK	KV	aran	2
23	enak	VKVK	V	katrangan kaanan	1
24	pedes	KVKVK	KV	katrangan kaanan	1
25	wae	KVV	KV	panguwuh	2
26	ning	KVKK	KV	panggandheng	7

27	wani	KVKV	KV	katrangan tumindak	1
28	kowe	KVKV	KV	sesulih II	8
29	tak	KVK	KVK	kriya	2
30	takbalang	KVKKVKVKK	KVK	kriya tandang	2
31	ko	KV	KV	panyambung	1
32	padha	KVKKV	KV	katrangan	1
33	bajuke	KVKVKV	KV	aran	1
34	okeh/ akeh	VKVK / VKVK	V	katrangan barang	2
35	ben	KVK	KVK	panguwuh	1
36	cokoti	KVKVKV	KV	kriya mawa lesan	1
37	nyamuk	KKVKVK	KKV	aran	1
38	gawekke	KVKVKKV	KV	kriya tanpa lesan	1
39	tek	KVK	KVK	panguwuh	2
40	<i>terimakasih/ makasih</i>	KVKVKVKVKVK / KVKVKVK	KV	katrangan	2
41	Titi	KVKV	KV	sesulih II	1
42	Nur	KVK	KVK	sesulih II	1
43	Bintang	KVKKVKK	KVK	sesulih I	2
44	ngentut	KKVKKVK	KKVK	kriya tanduk	2
45	hehe	KVKV	KV	panguwuh	1
46	gumun	KVKVK	KV	katrangan gumun	2
47	gek	KVK	KVK	panguwuh	5
48	terus	KVKVK	KV	panyambung	5
49	patenana	KVKVKVKV	KV	kriya	1
50	dhewe	KKVKV	KKV	katrangan kaanan	1
51	a	V	V	panguwuh	2
52	dinggo	KVKKKV	KVKK	kriya tanggap	3
53	dolanan	KVKVKVK	KV	aran	4
54	dilebokne	KVKVKVKKV	KV	kriya tanggap	4
55	hp	KK	K	aran	4
56	susu	KVKV	KV	aran	2
57	mainan	KVVKVK	KV	aran	2
58	hok oh	KVK VK	KVK	katrangan	2
59	isa	VKV	V	katrangan	3
60	Om	VK	V	sesulih II	8
61	tak keki	KVKKVKV	KVK	kriya tandang	1
62	rotine	KVKVKV	KV	aran	2
63	n	K	K	panguwuh	1
64	apa	VKV	V	katrangan	3

65	ameh/ meh	VKVK / KVK	V	kriya	4
66	tuku	KVKV	KV	kriya	2
67	kacamata	KVKVKVKV	KV	aran	2
68	kaya	KVKV	KV	katrangan	3
69	ngene	KKVKV	KKV	katrangan	2
70	kok	KVK	KVK	panguwuh	3
71	ana/ na/ enek	VKV / KV / VKVK	VKV	katrangan	4
72	swarane	KKVKVKV	KKV	aran	1
73	o	V	V	panguwuh	1
74	lha	KKV	KKV	panguwuh	1
75	nganggo	KKVKKKV	KKVKK	kriya tanduk	1
76	bukaken	KVKVKVK	KV	kriya tanpa lesan	1
77	rung/ durung	KVKK / KVKVKK	KVKK / KV	katrangan	4
78	buka	KVKV	KV	kriya	1
79	roti	KVKV	KV	aran	1
80	cokate/ coklate	KVKVKV / KVKKVKV	KV	aran	3
81	sing	KVKK	KVKK	pangandheng	2
82	gosong	KVKVKK	KV	aran	1
83	lho	KKV	KKV	panguwuh	2
84	mambune	KVKKVKV	KVK	kriya mawa lesan	1
85	balon	KVKVK	KV	aran	1
86	nggah/ wegah	KKKVK / KVKVK	KKKVK / KV	katrangan tumindak	1
87	anune/ anu	VKVKV / VKV	V	panguwuh	2
88	em	VK	VK	panguwuh	1
89	vidiyone	KVKVKVKV	KV	aran	2
90	mau	KVV	KV	katrangan wekdal	2
91	<i>ughm</i>	VKKK	VKKK	panguwuh	1
92	Tatang (Bintang)	KVKVKK	KV	sesulih I	1
93	nek	KVK	KVK	panguwuh	4
94	nutup	KVKVK	KV	kriya tanduk	1
95	pie	KVV	KVV	katrangan	1
96	tanggal	KVKKKVK	KVKK	katrangan wekdal	1
97	wolu	KVKV	KV	wilangan	1
98	suwe	KVKV	KV	katrangan wekdal	1
99	nyilih	KKVKVK	KKV	kriya tanduk	2
100	hpmu	KKKV	K	aran	2

101	bali	KVKV	KV	kriya	1
102	Jogja	KVKKV	KVK	katrangan	4
103	ayo	VKV	V	kriya	1
104	dipateni	KVKVKVKV	KV	kriya tanpa lesan	1
105	nyuwun	KKVKVK	KKV	kriya tanduk	1
106	ese	VKV	VK	aran	1
107	<i>haus</i>	KVVK	KV	katrangan kaanan	1
108	maem	KVVK	KV	kriya	1
109	perang-perangan	KVKVKK-KVKVKKVK	KV	kriya	1
110	sanga	KVKKV	KV	wilangan	2
111	siji	KVKV	KV	wilangan	1
112	lima	KVKV	KV	wilangan	2
113	enem	VKVK	V	wilangan	2
114	pitu	KVKV	KV	wilangan	2
115	wolu	KVKV	KV	wilangan	2
116	sepuluh	KVKVKVK	KV	wilangan	2
117	sewelas/ <i>sebelas</i>	KVKVKVK / KVKVKVK	KV	wilangan	2
118	<i>dua belas</i>	KVV KVKVK	KV	wilangan	1
119	<i>tiga belas</i>	KVKV KVKVK	KV	wilangan	1
120	<i>empat belas</i>	VKKVK KVKVK	VK	wilangan	1
121	<i>lima belas</i>	KVKV KVKVK	KV	wilangan	1
122	telu	KVKV	KV	wilangan	1
123	papat	KVKVK	KV	wilangan	1
124	daturuwun/ maturnuwun	KVKVKKVKVK / KVKVKKVKVK	KV	katrangan	2
125	yeh	KVK	KV	panguwuh	1
126	mbok	KKVK	KKVK	panguwuh	1
127	kuwi	KVKV	KV	sesulih barang	1
128	Mamahku	KVKVKKV	KV	sesulih II	1
129	tenan	KVKVK	KV	katrangan	1
130	ya	KV	KV	panguwuh	1
131	mobil	KVKVK	KV	aran	1
132	balap	KVKVK	KV	aran	2
133	montor	KVKKVK	KVK	aran	1
134	paringi	KVKVKKV	KV	kriya	1
135	ta	KV	KV	panguwuh	1

Katrangan:

K : Konsonan

V: Vokal

Tabel 9: Analisis Struktur Fonologi, Morfologi, saha Sintaksis

No.	Data	Pirembagan Struktur		
		Fonologi (Tembung)	Morfologi (Tembung)	Sintaksis (Ukara)*
1	Aku pengen gendhong ma.	aku [aku] pengen [penIn] gendhong [gɛndɔŋ] ma [ma]	[zakuz] wujud lingga (jinis sesulih tiyang kaping setunggal mlebet jejer) [zpenginz] wujud lingga (jinis kriya) [zgendhongz] wujud lingga (jinis kriya) [ma] wujud wancah (jinis sesulih tiyang kaping kalih)	√ pepak (<i>desideratif</i>)
2	Gendhong he..., gendhong ma gendhong.	gendhong [gɛndɔŋ] ma [ma] he [he]	[zgendhongz] wujud lingga (jinis kriya) [ma] wancah (sesulih tiyang kaping kalih) [he] wancah (panguwuh)	√ ukara <i>simpel</i> (<i>imperatif</i>)
3	Emoh.	emoh [ɛmɔh]	[zemohz] wujud lingga (jinis katrangan)	- Gothang
4	a. Uwis dadi cacing. b. Ra entuk wis dadi cacing. c. Rusak. d. Patah iki. e. Ora. f. Adem.	uwis [uwIs] dadi [dadi] cacing [cacIn] ra [ra] entuk [entU?] wis [wIs] rusak [rusak] patah [patah] iki [iki] ora [ora] adem [adəm]	[zuwisz] wujud lingga (jinis katrangan kaanan) [zdadiz] lingga (katrangan) [zcacingz] lingga (aran) [ra] wancah (katrangan) [zentukz] lingga [wis] wancah (katrangan) [zrusakz] lingga (katrangan) [zpatahz] lingga (katrangan) [zikiz] lingga	a.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) b.√ <i>simpel</i> (<i>negatif</i>) c.- gothang d.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) e.- gothang f.- gothang

			(sesulih barang) [zoraz] lingga (katrangan) [zademz] lingga (katrangan kaanan)	
5	Wis, wis salim.	wis [wIs] salim [salim]	[wis] wancah (katrangan) [zsalimz] lingga (kriya tanpa lesan)	√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>)
6	a. Wis dadi? b. Mie-ne.	wis [wIs] dadi [dadi] miene [miene]	[wis] wancah (katrangan) [zdadiz] lingga [mie+e] lingga andhahan (aran)	a.√ <i>simpel</i> (<i>interogatif</i>) b.- gothang
7	Aduh, sakit, panas.... uwis.	aduh [adUh] sakit [sakIt] panas [panas]	[zaduhz] lingga (katrangan) [zsakitiz] lingga (katrangan) [zpanasz] lingga (katrangan)	- gothang
8	a. Polisi. b. Jeruk. c. Enak. d. Emoh, emoh, emmmoh. e. Pedes.	polisi [polisi] jeruk [jerUk] enak [enak] emoh [əməh] pedes [pədəs]	[zpolisiz] wujud lingga (jinis sesulih tiyang ketiga) [zjerukz] lingga (aran) [zenakz] lingga (katrangan kaanan) [zemohz] lingga (katrangan) [zspedesz] lingga (katrangan)	a.- gothang b.- gothang c.- gothang d.- gothang e.- gothang
9	a. Iki wae b. Panas	iki [iki] wae [wae] panas [panas]	[zikiz] wujud lingga (jinis sesulih dununging barang) [zwaesz] wujud lingga (panguwuh) [zpanasz] lingga (katrangan)	a.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) b.- gothang
10	Orak?... Ning aku wani, kowe orak?	orak [orak] ning [nInj] aku [aku]	[zoraz] lingga (katrangan ing tumindak)	√ pepak (<i>interogatif</i>)

		wani [wani] kowe [kowe]	[ning] wancah (panggandheng) [zakuz] lingga (sesulih tiyang setunggal) [zwaniz] lingga (katrangan tumindak) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih)	
11	Tak balan kwe, kowe ko tak balan kwe.	tak-balan [ta?- balan] kowe [kowe] kwe [kwe] ko [ko]	[tak+balang] wujud tandang dak-wantah (jinis kriya) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [kwe] wancah (sesulih tiyang kaping kalih) [ko] wancah (panyambung)	√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>)
12	Padha .	padha [pɔɔɔ]	[zpadhaz] lingga (katrangan)	- gothang
13	Bajuke.	bajuke [baju?e]	[baju+e] lingga andhahan (sesulih panambang +e)	- gothang
14	Okeh.	okeh [okɛh]	[u+akeh] wujud camboran (jinis katrangan barang)	- gothang
15	a. Akehne. b. Ben ra cokoti nyamuk.	akehne [akɛhne] ben [ben] cokoti [cɔkɔti] nyamuk [ɲamUk]	[akeh+e] wujud lingga andhahan (jinis katrangan) [ben] wancah (panguwuh) [ra] wancah (katrangan) [cokot+i] lingga andhahan (kriya mawa lesan) [znyamukz] lingga (aran)	a.- gothang b.√ pepak (<i>negatif</i>)
16	Gawekke...!? Tek aku ra digawekke?	gawekke [gawɛ?ke] tek [tek]	[gawek+e] wujud andhahan (kriya tanpo lesan)	√ pepak (<i>interogatif</i>)

		aku [aku] ra [ra] digawekke [digawε?ke]	[tek] wancah (panguwuh) [zakuz] lingga (sesulih tiyang setunggal) [ra] wancah (katrangan) [di+gawek+ke] tanggap di-ke (kriya tanggap ke- kriya)	
17	a. Jeluk b. <i>Terimakasih</i> c. Makasih Ti d. Titi Nu'r e. Bintang, Bintang	jeluk [jəlU?] <i>terimakasih</i> [<i>terimakasih</i>] <i>makasih</i> [<i>makasih</i>] Ti [Ti] Titi [Titi] Nu'r [NU?r] Bintang [bintaŋ]	[zjelukz] wujud lingga (jinis aran) [z <i>terimakasih</i> z] lingga (katrangan) [<i>makasih</i>] wancah (katrangan) [Ti] wancah (sesulih tiyang kaping tiga) [zTitiz] lingga (sesulih tiyang kaping tiga) [zNu'rz] wancah (sesulih tiyang kaping tiga) [zBintangz] lingga (sesulih tiyang setunggal)	a.- gothang b.- gothang c.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) d.- gothang e.- gothang
18	Ngentut hehe ngentut.	ngentut [ŋentUt] hehe [hehe]	[ng+entut] tanduk ng-wantah (kriya) [he-he] dwilingga (panguwuh)	- Gothang (<i>deklaratif</i>)
19	Ak ra gumun, gek telus petenana dhewe.	aku [aku] ra [aku] gumun [gumUn] gek [gek] telus [təlUs] petenana [pɛtɛnana] dhewe [dɛwe]	[zakuz] wujud lingga (jinis sesulih tiyang setunggal) [ra] wancah (panyambung) [zgumunz] lingga (kaanan) [gek] wancah (panyambung) [ztelus] lingga (panyambung) [petenana]	√ pepak (<i>negatif</i>)

			[zdhewez] lingga (aran)	
20	<p>a. A dinggo dolanan dilebokke neng hp, iki susu isa dilebuokke ning hp, gek terus dinggo <i>mainan</i>.</p> <p>b. Hok oh</p>	<p>a [a] dinggo [diŋgo] dolanan [dolanan] dilebokke [diləbəkke] ning [nɪŋ] hp [hape] iki [iki] susu [susu] isa [isɔ] dilebuokke [diləbuəkke] gek [gek] terus [tərUs] mainan [mainan] ho'oh [hɔʔ ɔh]</p>	<p>[a] wancah (panyambung) [di+anggo] tanggap di-wantah (kriya) [dolan+an] wisesa-na (aran) [di+lebok+ke] tanggap di-ke (kriya mawa lesan) [ning] wancah (panggandheng) [hp] wancah (aran) [iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang) [zsusuz] lingga (aran) [isa] wancah (katrangan) [gek] wancah (panguwuh) [zterusz] lingga (panyambung) [main+an] lingga andhahan (aran) [ho'oh] wancah (panguwuh)</p>	<p>a.√ <i>majemuk</i> (<i>deklaratif</i>) b.- gothang</p>
21	<p>a. Ndolanan gek terus dilebokke ning hp, susu iki isa dingo.</p> <p>b. Ndolanan gek terus dilebokke neng hp, gek terus dolanan aku.</p>	<p>ndolanan [ndolanan] gek [gek] terus [tərUs] dilebokke [diləbəkke] ning [nɪŋ] hp [hape] susu [susu] iki [iki] isa [isɔ] dinggo [diŋgo]</p>	<p>[n+dolan+an] wisesa-na lingga (aran) [gek] wancah (wancah) [zterusz] lingga (panyambung) [di+lebok+ke] tanggap di-ke (kriya mawa lesan) [ning] wancah</p>	<p>a.√ <i>majemuk</i> (<i>deklaratif</i>) b.√ <i>majemuk</i> (<i>deklaratif</i>)</p>

		aku [aku]	(panggandheng) [hp] wancah (aran) [iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang) [zsusuz] lingga (aran) [isa] wancah (katrangan) [di+anggo] tanggap di-wantah (kriya) [zakuz] wujud lingga (jinis sesulih tiyang setunggal)	
22	a. Om ra tak keki rotine. b. Om tak n tak rotine.	om [om] ra [ra] takkeki [ta?kε?i] rotine [rotine] n [n]	[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [ra] wancah (katrangan) [tak+keki] tandang wantah (kriya mawa lesan) [roti+ne] lingga andhahan (aran) [n] wancah (panyambung)	a.√ pepak (<i>negatif</i>) b.√ <i>simpel</i> (<i>negatif</i>)
23	Kowe apa ameh tuku camata* kaya ngene iki?	kowe [kɔwe] apa [ɔpɔ] ameh [ameh] tuku [tuku] camata [ɔmɔtɔ] kaya [kɔyɔ] ngene [ɲene] iki [iki]	[zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zapaz] lingga (katrangan) [ameh-tuku] wujud lingga (jinis pambantu) [camata] wancah (aran) [zkayaz] lingga (katrangan) [zngenez] lingga (sesulih)	√ pepak (<i>interogatif</i>)

			[iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang)	
24	Apa ameh tuku cakamata kaya ngene iki?	apa [ɔpɔ] ameh [ameh] tuku [tuku] cakamata [ɔkɔmɔtɔ] kaya [kɔyɔ] ngene [ɲene] iki [iki]	[zapaz] lingga (katrangan) [zamehz] lingga (kriya) [ztukuz] lingga (kriya) [cakamata] lingga (aran) [zngenez] lingga (sesulih) [iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang)	√ pepak (<i>interogatif</i>)
25	Iki kok orenek swarane? O lha. anggo iki kok.	iki [iki] kok [kɔk] orenek [ɔɾeneʔ] swarane [swarane] o [o] lha [lha] anggo [aŋgo]	[iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang) [kok] wancah (panguwuh) [ora+enek] camboran cekakan (katrangan) [swara+ne] lingga andhahan (aran) [o] wancah (panguwuh) [lha] wancah (panguwuh) [zanggoz] lingga (kriya)	√ majemuk (<i>interogatif</i>)
26	a. Om bukaken! Aku rung isa iki. b. Bukak iki roti!	om [om] bukaken [bukaʔən] aku [aku] rung [rUŋ] isa [isɔ] iki [iki] bukak [bukaʔ]	[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [buka+en] guna (kriya tanpo lesan) [zakuz] lingga (sesulih tiyang setunggal)	a.√ majemuk (<i>imperatif</i>) b.√ simpel (<i>imperatif</i>)

		roti [rɔti]	[rung] wancah (katrangan) [isa] wancah (katrangan) [iki] lingga (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang) [zbukaz] lingga (kriya) [zrotiz] lingga (aran)	
27	a. Na cokate. b. Kok ora ana cokate?	na [nɔ] cokate [cɔkate] kok [kɔk] ora [ora] ana [ɔnɔ]	[na] wancah (katrangan) [cokat+e] lingga andhahan (aran) [kok] wancah (panguwuh) [zoraz] lingga (katrangan) [zanaz] lingga (katrangan)	a.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) b.√ <i>pepak</i> (<i>interogatif</i>)
28	Aku pengen sing gosyong, sing enek cokat.	aku [aku] pengen [penIn] sing [sIn] gosyong [gɔsyɔŋ] enek [ɛnɛ?] cokat [cokat]	[zakuz] lingga (sesulih tiyang setunggal) [zpenginz] lingga (kriya) [sing] wancah [panggandheng] [zgosongz] lingga (kaanan) [zenekz] lingga (katrangan) [cokat] wancah (aran)	√ <i>majemuk</i> (<i>desideratif</i>)
29	a. Ki lho mambune kaya balon. b. Nggah! Kowe wae!	ki [ki] lho [lho] mambune [mambune] kaya [kɔyɔ] balon [balon] nggah [ŋgah] kowe [kowe] wae [wae]	[ki] wancah (sesulih ingkang mratelakaken dununging barang) [lho] wancah (panguwuh) [m+ambu+ne] tanduk ke-kriya (kriya mawa	a.√ <i>pepak</i> (<i>deklaratif</i>) b.√ <i>simpel</i> (<i>imperatif</i>)

			lesan) [zkayaz] lingga (katrangan) [zbalonz] lingga (aran) [ng+gah] tanduk wancah (kriya) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zwaez] lingga (panguwuh)	
30	a. Anune... emm... vidiyone ki mau? b. Vidiyone ki mau lho! c. Ughm Tatang (Bintang) nek vidiyo	anune [anune] emm [emm] vidiyone [vidiyone] ki [ki] mau [mau] lho [lho] ughm [ughm] tatang [tatanj] nek [nɛʔ]	[anu+ne] lingga andhahan (aran) [emm] wancah (panguwuh) [vidiyo+ne] lingga andhahan (aran) [ki] wancah (sesulih ingkang maratelakaken dununging barang) [mau] wancah (katrangan wekdal) [lho] wancah (panguwuh) [ughm] wancah (panguwuh) [Tatang] wancah dwiwasana (sesulih tiyang setunggal) [nek] wancah (panguwuh)	a.√ <i>simpel</i> (<i>interogatif</i>) b.√ <i>simpel</i> (<i>imperatif</i>) c.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>)
31	a. Ome nutup pie iki? b. Ulung c. Anu tanggal wolu. d. Suwe	ome [ome] nutup [nutUp] pie [pie] iki [iki] ulung [ulunj] anu [anu] tanggal [tanjal] wolu [wɔlu] suwe [suwe]	[om+e] lingga andhahan (sesuliha tiyang kaping kalih) [n+tutup] tanduk wantah (kriya) [pie] wancah (kriya) [iki] wancah (sesulih ingkang	a.√ pepak (<i>interogatif</i>) b.- gothang c.√ <i>simpel</i> (<i>deklaratif</i>) d.- gothang

			<p>mratelakaken dununging barang) [ulung] wancah (katrangan) [anu] wancah (panguwuh) [ztanggalz] lingga (katrangan wektu) [zwoluz] lingga (wilangan) [zsuwez] lingga (kaanan)</p>	
32	<p>a. Om nyilih hpmu. b. Nyilih hpmu. c. Kowe, apa urtnung bali ning Jogja? d. Ayo... e. Dipeteni</p>	<p>om [om] nyilih [ñilɬh] hpmu [hapemu] kowe [kowe] apa [ɔpɔ] urtnung [urtnun] bali [bali] ning [nɪŋ] Jogja [Jogja] ayo [ayo]</p>	<p>[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [ny+silih] tanduk wantah (kriya) [hp+mu] lingga andhahan (aran) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zapaz] lingga (katrangan) [urtnung] wancah (wancah) [zbaliz] lingga (kriya) [ning] wancah (panggandheng) [zJogjaz] lingga (aran) [zayoz] lingga (kriya) [di+pati+i] tanggap i+kriya (kriya tanpa lesan)</p>	<p>a.√ pepak (<i>desideratif</i>) b.√ simpel (<i>desideratif</i>) c.√ pepak (<i>interogatif</i>) d.- gothang e.- gothang</p>
33	<p>Nyuwun es e, <i>haus</i>.</p>	<p>nyuwun [ñuwun] es-e [es e] <i>haus</i> [haus]</p>	<p>[ny+suwun] tanduk wantah (kriya) [es+e] lingga andhahan (aran) [zhausz] lingga (katrangan)</p>	<p>√ <i>majemuk</i> (<i>desideratif</i>)</p>
34	<p>a. Maem.</p>	<p>maem [maəm]</p>	<p>[zmaemz] lingga</p>	<p>a.- gothang</p>

	b. Perang-perangan. c. Hok oh.	perang-perangan [pəraŋ-pəraŋan] hok oh [hɔk ɔh]	(kriya) [perang-perang+an] wisesana dwilingga (kriya) [hok oh] wancah panguwuh	b.- gothang c.- gothang
35	a. Sanga b. Siji	sanga [sɔŋɔ] siji [siji]	[zsangaz] lingga (wilangan) [zsijiz] lingga (wilangan)	a.- gothang b.- gothang
36	Lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, sewelas, <i>dua belas, tiga belas, empat belas, lima belas.</i>	lima [limɔ] enem [ənəm] pitu [pitu] wolu [wɔlu] sanga [sɔŋɔ] sepuluh [səpulUh] sewelas [səwelas] <i>dua belas</i> [dua bəlas] <i>tiga belas</i> [tiga bəlas] <i>empat belas</i> [əmpat bəlas] <i>lima belas</i> [lima bəlas]	[zlimaz] lingga (wilangan) [zenemz] lingga (wilangan) [zpitud] lingga (wilangan) [zwoluz] lingga (wilangan) [zsangaz] lingga (wilangan) [zsepuluhz] lingga (wilangan) [zsewelasz] lingga (wilangan) [zdua belas] lingga (wilangan) [ztiga belas] lingga (wilangan) [zempat belas] lingga (wilangan) [zlima belas] lingga (wilangan)	- Gothang
37	Telu, papat, lima, enem, pitu, wolu, sanga, sepuluh, <i>sebelas.</i>	telu [təlu] papat [papat] lima [limɔ] enem [ənəm] pitu [pitu] wolu [wɔlu] sanga [sɔŋɔ] sepuluh [səpulUh] <i>sebelas</i> [səbəlas]	[zteluz] lingga (wilangan) [zpapatz] lingga (wilangan) [zlimaz] lingga (wilangan) [zenemz] lingga (wilangan) [zpitud] lingga (wilangan) [zwoluz] lingga (wilangan) [zsangaz] lingga	- gothang

			(wilangan) [zsepuluhz] lingga (wilangan) [zsebelasz] lingga (wilangan)	
38	a. Daturuwun. b. Yeh tek mbok maturnuwun, kwi ki mamahku. c. Tenan! d. Ya	daturuwun [datUrnuwUn] yeh [yeh] tek [te?] mbok [mbok] maturnuwun [matUrnuwUn] kwi [kʷi] ki [ki] mamahku [mamahku] tenan [tənan] ya [yɔ]	[daturuwun] lingga (katrangan) [yeh] wancah (panguwuh) [tek] wancah (panguwuh) [mbok] wancah (sesulih) [zmaturnuwunz] lingga (katrangan) [kwi] wancah (sesulih ingkang mratelakaken dunung tiyang kalih) [ki] wancah (sesulih ingkang mratelakaken dunung tiyang kalih) [mamah+ku] lingga andhahan (sesulih tiyang kaping tiga) [ztenanz] lingga (katrangan) [ya] wancah (panguwuh)	a.- gothang b.√ <i>majemuk</i> (<i>deklaratif</i>) c.- gothang d.- gothang
39	a. Om, aku rung isa. b. Mobil balap. c. Montor balap.	om [om] aku [aku] rung [rUŋ] isa [isɔ] mobil [mɔbil] balap [balap] montor [mɔntɔr]	[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zakuz] lingga (sesulih tiyang setunggal) [rung] wancah (katrangan) [isa] wancah (katrangan) [zmontorz] lingga (aran) [zmobilz] lingga	a.√ <i>simpel</i> (<i>negatif</i>) b.- gothang c.- gothang

			(aran) [zbalapz] lingga (katrangan)	
40	Mobil balap.	mobil [mɔbil] balap [balap]	[zmobilz] lingga (aran) [zbalapz] lingga (katrangan)	- gothang
41	Om kowe meh ning Jogja, nek ora,...?	om [om] kowe [kowe] meh [meh] ning [nɪŋ] Jogja [Jogja] nek [nɛʔ] ora [ora]	[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [meh] wancah (kriya) [ning] wancah (panggandheng) [zJogjaz] lingga (katrangan) [nek] wancah (wancah) [zoraz] lingga (katrangan)	√ majemuk (interogatif)
42	Om kowe meh neng Doja ta? A nek ora ning Joja ora tak paringi mainan.	om [om] kowe [kowe] meh [meh] ning [nɪŋ] doja [doja] ta [tɔ] a [a] nek [nɛʔ] ora [ora] joja [joja] tak [taʔ] paringi [pariŋi] mainan [mainan]	[zomz] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [zkowez] lingga (sesulih tiyang kaping kalih) [meh] wancah (kriya) [ning] wancah (panggandheng) [doja] wancah (aran) [ta] wancah (panguwuh) [a] wancah (panguwuh) [nek] wancah (panyambung) [zoraz] lingga (katrangan) [ning] wancah (panggandheng) [joja] wancah	√ majemuk (interogati- negatiff)

			(katrangan) [tak+paring+i] tandang i+kriya (kriya) (main+an) wisesa- na (aran)	
--	--	--	---	--

*Katrangan:

(√) sampun dhapuk ukara *simpel*, pepak, saha majemuk sarta wonten ugi kalebet *modus*.

(-) dereng dhapuk ukara (gothang).

LAMPIRAN
SAMPLE SUMBER DATA

Katrangan:

B: Bintang

P: Panyerat

T: Titi (Eyangipun Bintang)

1. Rekaman 1

Aku... pengen.... gendhong... maaa (Kawontenan lare menika saweg nangis saha rewel)

2. Rekaman 2

Gendhong.... heee.... gendhong... maaa.... gendhong.... (Lare menika rewel)

3. Emohhh...

4. B: Uwis dadi cacing;

P: Nyilih *slime*-mu entuk ra?;

B: Ra entuk wis dadi cacing; (implikasi)

P: Hemm, wis dadi cacing?, nyilih dilit entuk ra? Ndak rusak?

B: Rusak;

P: Ndak rusak?;

B: Patah iki; (Kajenge boten angsal dipunsilihi)

P: Ndak patah?... Apik ora?

B: Ora; (Kersane elek nanging apik, kersane mawi boten angsal dipunampil)

P: Ora apik?... Tak nyekel sithik entuk ora?;

B: Adem; (implikasi)

P: Adem? (Ampun ngampil, iki asrep)

5. P: Eh, salim?;

B: Wis, wis salim;

P: Nganggo *slime* no.

6. B: Wis dadi...;
 T: Mie-ne...?;
 B: Mie-ne.
7. B: Aduh, sakit, panas.... uwis.
8. B: Polisi,
 P: Jeruk;
 T: Jeruk;
 B: Jeruk;
 P: Yowis;
 T: Enak, enak;
 P: Mie-ne enak?;
 T: Mie-ne enak;
 B: Enak;
 P: Nek nganggo sambel gelem ora kowe?
 B: Emoh;
 P: Nganggo yo?;
 B: emoh, emmmoh;
 T: Pedes?;
 B: Pedes.
9. B: Iki wae;
 P: Kowe tenan semono(mie) kalu?
 T: Kalu om;
 B: Panas.
10. B: Orak...? (implikasi) Neng aku wani, kowe orak?
11. B: Tak balan kwe, kowe ko tak balan kwe.
12. P: Padha;
 B: Padha.
13. B: ****to..., bajuke.
14. B: Okeh
15. B: Akehne;
 P: Ben ra cokoti nyamuk?;

- B: Ben cokoti nyamuk.
16. B: Gawekke....! tek aku ra digawekke?;
P: Lha kowe ora njaluk ogg, mie-ne.
17. T: *Sini-sini*, pilih pisang po pilih jeruk?;
B: Jeluk;
T: Jeluk? Iya yuh enake. Pie nek *dikasih?*;
B: *Terimakasih*;
T: Makasih Ti;
B: Makasih Ti;
T: Titi Nur;
B: Titi Nu'r;
T: Bintang?;
B: Bintang...;
T: Bintang...;
B: Bintang.....
18. B: Ngentut hehe ngentut.
19. B: Ak ra gumun, gek telus petenana dhewe.
20. B: A dingho dolanan dilebokke neng hp, iki susu iso dilebuokke neng hp,
gek terus dinggo mainan;
P: Piye carane? Dinggo dolanan?;
B: Ho'o.
21. B: Ndolanan gek terus dilebokke neng hp, susu iki iso dingo ndolanan gek
terus dilebokke neng haape, gek terus dolanan aku.
22. B: Om ra tak keki rotine;
P: Beleni?;
B: Om tak n tak rotine..;
P: Hem, karo ngemut roti.
23. B: Kowe apa ameh tuku camata* koyo ngene iki?
24. B: Apa ameh tuku cakamata kaya ngene iki?;
P: Cakamata* kacamata?!
25. B: Iki kok ore nek swarane? O lha anggo iki kok!;

- P: Iki opo? *Headset*.
26. B: Om bukaken! aku rung isa iki;
 P: Rung isa apa?
 B: Bukak iki roti!!;
 P: Mbukak roti? Mbukak bungkus roti..??
27. B: Na cokate;
 P: Kok ra ana coklate?;
 B: Kok ora ana cokate?
28. B: Aku pengen sing gosyong, sing enek cokate;
 P: Ora ana cokate ketoke.
29. B: Ki lho mambune kaya balon;
 P: Ambunen;
 B: Nggah! Kowe wae!
 P: Emm?
30. P: Coba sik apane?;
 B: Anune... emm... vidiyone* ki mau;
 P: Apa??;
 B: Vidiyone ki mau lho!;
 P: Vidiyone apa? Wong ra tak video;
 B: Ughm Tatang (Bintang) nek vidियो;
 P: Wong tak rekam tek.
31. B: Omme nutup pie iki?
 P: Nutup kuwi ta? Wis dhol ketoke, ora sah ditutup. Ehh kowe urung mlebu sekolah?;
 B: Ulung;
 P: Kapan mlebune?;
 B: Anu tanggal woolu;
 P: Tanggal wolu, berarti jik preino?
 B: Suwe (miturute tesih dangu kawit mlebet pawiyatan)
32. B: Om nyilih hpmu?;
 P: Kowe mau takok apa?;

B: Nyilih hpmu;

P: Uduk, sing mau. ”Kowe kapan kowe ning Jogja?”

B: Kowe, apa urtnung bali ning Jogja?

P: Kosik dilit ngkas;

B: Ayooo...;

P: Ayo apa?;

B: Dipeteni. (Hpnipun kajenge saged disilih lare menika)

33. B: Nyuwun es e, haus.

34. B: Maem.

B: Perang-perangan.

P: Apa ngejak perang-perangan?

B: Hok oh.

35. B: Sanga

P: Nem Sanga?

B: Siji

36. B: Lima, enem, pitu, walu, sanga, sepuluh, sewelas, *dua belas, tiga belas, empat belas. Lima belas.*

37. B: Telu, papat, lima, enem, pitu, walu, sanga, sepuluh, sebelas.

38. B: Daturnuwun.

P: Maturnuwun mama...,

B: Yeh tek mbok maturnuwun, kwi ki mamahku.

P: Apa mamahmu?

B: Tenan!

P: O mamahmu to, berarti entuke, budhe, budhe ya

B: Ya

P: Maturnuwun mama, eh mamahmu ya.

39. B: Om aku rung isa.

P: Urung isa apane?

B: Mobil balap.

P: Mobil balap?

B: Montor balap.

40. B: Mobil balaaapp.

41. B: Om kowe meh neng Jogja?, nek ora,...

42. B: Om kowe meh neng Doja to? A nek ora ning Joja ora tak paringi mainan.

P: Mainan apa?